ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№41 (24.791) ● 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

## ЩІыналъэхэм я зэІузэпэщыныгъэр



**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къалэ, район администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэт «щІыналъэ сыхьэт» зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм.**

ЗЭІУЩІЭМ и гугъу щащІащ Урысейм и Президентым и унафэм ипкъ иткІэ дзэм къулыкъу щызыщІэнухэр щраджэ гъатхэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырынум.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу къагъэлъэгъуахэм ящыщщ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащІэр. Абы и лъэныкъуэкІэ иджыпсту щІыналъэхэм «ФІы псори - сабийхэм», «ЕгъэджакІуэхэмрэ унэтІакІуэхэмрэ», «Коммунальнэ ухуэныгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжын», «Къалэм псэукІэ зэпэщ къыщызэгъэпэщын», «Унагъуэ лъапІэныгъэхэмрэ щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэмрэ», «Унагъуэм дэІэпыкъун», «ПсэупІэ», «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» лъэпкъ проектыщІэхэр зэрагъэзэщІэнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэм Іэ традзэну ягъэхьэзыр.

«Шэч къытесхьэркъым экономикэ зэпІэзэрытым и шэсыпІэу щыт бюджет хэхъуэхэмкІэ адэкІи зыужьыныгъэхэр дызэриІэнум, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Мы илъэсым и япэ мазищым республикэ бюджетым езым иІэ хэхъуэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 123-рэ хъуащ, нэгъуэщІу жыпІэмэ сом мелуан 930-кІэ нэхъыбэщ. ЩІыпІэ бюджетхэм я хэхъуэр проценти 121-рэ мэхъу е нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ сом мелуан 300-кІэ нэхъыбэщ».

Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІыналъэхэр зэІузэпэщ щІынымкІэ, гъэкъэбзэнымкІэ республикэм щрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм. ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъэпІэным зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ар ящыщ зыщ.

---

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр Мыкъуэжь А. Хь. фІэщыным и Іуэхукlэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ цІыхубэ творчествэм зегъэужьыным щиІэ фІыщІэхэмрэ папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм къыдигъэкІ «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м*
*№36-УГ*

---

● КъБР-м и Парламентым

## ЩІалэгъуалэм ІэмалыфІхэр къахузэІуех

**КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и ебгъуанэ зэхуэсым хэтхэм я япэ зэІущІэр дыгъуасэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэмрэ я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ.**



ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**. Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІхэм ящыщ, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир**, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Ахъмэт Амир**, а комитетым хэт, «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Шыпш Аслъэн** сымэ.

Егоровэ Татьянэ зэІущІэр къыщызэІуихым, къыхигъэщащ нэхъ купщІафІэ дыдэу лажьэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм КъБР-м и Парламентым ейр зэращыщыр.

- ЗэрыфщІэщи, ди хабзэубзыху ІуэхущІапІэм епха ЩІалэгъуалэ палатэм и зэхэтыкІэми ар зытещІыхьа пІалъэми зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтащ. Дызэрыгушхуэнщ, иджы япэу абы щІыпІэ унафэр зезыхьэ ІэнатІэхэм я депутат ныбжьыщІэхэр къызэрыхыхьар. Дыщогугъ абыхэм я зэфІэкІхэр мыбдежи зыщыщ къалэхэмрэ районхэмри жыджэру къыщагъэсэбэпыну, - жиІащ Егоровэм. - КъБР-м и Парламентым нобэ ІэмалыфІхэр къыфхузэІуех зэрызывужьынум теухуауэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт палатэр щІалэгъуалэ куэдым «лъэмыж» зэрахуэхъуари абы хэтахэм ІэнатІэфІхэр зэрыхуагъэфэщари. Хабзэубзыху Іуэхур, дауи, тыншкъым. Лъэныкъуэ куэдкІи уи щІэныгъэм хэбгъэхъуэн, щІыналъэр зытет хабзэхэр зэрызэхалъхьэм, абыхэм я лъабжьэм хэпщІыкІын хуейщ. Ауэ дэ къалэн фщытщІыркъым хабзэм и проект нобэ вгъэхьэзырыну. Дэ дыхуейщ фи Іуэху еплъыкІэр, фи жэрдэмхэр зыхуэдэмрэ гугъуехь щыІэхэм я хэкІыпІэу флъагъухэмрэ зэдгъэщІэну. Абыхэм быдэу фегупсысауэ къыхэфлъхьэ. «СтІол хъурейхэм», зэІущІэхэм фэ езыр-езыру щывгъэбеджылынущ жэрдэмхэр. Апхуэдэуи жылагъуэ, волонтёр Іуэхухэми фи зэфІэкІ фыщеплъыж хъунущ. Шэч хэмылъу, дэ а псомкІэ дэІэпыкъуэгъу сыт щыгъуи дыфхуэхъуну дыхьэзырщ. ЖысІэнуращи, лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн къыфпэщылъщ. Мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ республикэм адрей и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэми купщІафІэу фадэлэжьэным. Фи къэухьым зэрыхэвгъэхъуэным зэпымыууэ иужь фит. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм ухэтыныр ехъулІэныгъэщ, абы щыгъуэми жэуаплыныгъэ зыпылъщ. Лэжьыгъэ евгъэкІуэкІым дэгъуэгурыкІуэн хуейщ цІыху хэтыкІэ дахэри хабзэри. Сынывохъуэхъу лэжьыгъэм зэрыщІэвдзэмкІэ.

Егоровэ Татьянэ дыщІигъуащ щІалэгъуалэм Іэмал зэраІэр КъБР-м и Парламентым и зэІущІэхэм щІэсыну, абыхэм къыщащтэ унафэхэм едэІуэну.

ЗэІущІэм псори зэдэарэзыуэ КъБР-м и Парламентым епха ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІу щыхахащ Мурачаев Исхьэкъ. Егоровэм жиІащ ар КъБКъУ-м щІалэгъуалэр жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэшэнымкІэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ, экстремизм, терроризм гупсысэхэм пэІэщІэ щІынымкІэ зэщІэзыгъэуІуэ и центрым и унафэщІу зэрыщытыр, ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм и зэхьэзэхуэу 5-м ахъшэ саугъэтхэр къызэрыщихьар. Абыхэм ящыщщ «Lime» зыфІища, узыншагъэр щрагъэфакІуэ, спорт щІыналъэ зэхуэсыр (2019 гъэ). Къищынэмыщ Іауэ, 2020 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэсиплІкІэ республикэм щигъэзэщІащ «ПроСпорт» Іуэхур (щІалэгъуалэр спортым дегъэхьэхынымрэ узыншагъэр егъэфІэкІуэнымрэ тещІыхьауэ). Мурачаевым КИФЩІ-м и волонтёрхэм я зэхуэсри къызэригъэпэщауэ щытащ.

КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэу цІыхуищ хахащ: Щыхьмырзэ Муртаз, Хуторская Елизаветэ, Джэдгъэф Дианэ. Абыхэм кърагъэза дзыхьым папщІэ фІыщІэ ящІащ.

ЩІалэгъуалэм щехъуэхъум, Егоровэ Татьянэ жиІащ зы гупышхуэу, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу ахэр зэдэлэжьэн зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну.

Безгодькэ Владимир къыщыпсалъэм къыхигъэщащ щІалэгъуалэм зэращыгугъыр жэрдэмыщІэхэр, я Іуэху еплъыкІэщІэхэр къагъэлъэгъуэну.

Шыпш Аслъэн игу къигъэкІыжащ ЩІалэгъуалэ палатэм и япэ зэхуэсхэм хэту, хабзэубзыху Іуэхум зэрызыщагъэгъуэзауэ щытар. «Иджыпсту щІалэгъуалэм зэрызиужьыну Іэмал куэд щыІэщ. Ауэ ди къалэныр сыт жыфІэмэ, дызэкъуэувэнырщ. КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэр, ЩІалэгъуалэ палатэр, «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэр», нэгъуэщІ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри зэгъусэу дылажьэмэщ ІуэхуфІхэр къыщыдэхъулІэнур», - къыхигъэщащ Шыпшым.

Ахъмэт Амир жаІам дыщІигъуащ щІэблэхэр (нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ) зэрызэпыщІам республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэр зэрищапхъэр. «Іуэхум фызэрыбгъэдыхьэм елъытащ щІыналъэм сэбэп фыхуэхъунрэ фыхуэмыхъунрэ. Фызэчэнджэщ, фызэдэлажьэ. Зыщывмыгъэгъупщэ: спортыр ехъулІэныгъэ гуэрхэр зэрызыІэрыбгъэхьэ Іэмал къудейкъым, абы уегъасэ, узыншагъэм укІэлъегъэплъ», - жиІащ Амир.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




# ЗыщыгуфIыкIа тыгъэ

**«Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» партым и къудамэу КъБР-м и Парламентым хэтым и Iэтащхьэ Кебеков Владимиррэ КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалмыкъ Маратрэ медицинэ Iэмэпсымэхэр иратыжащ узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ, щIыналъэхэм зэдай сымаджэщу Анзорей къуажэм дэтым. Ахэр къахуезыгъэшар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» партым и унафэщI, а партым и фракцэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щыIэм и пашэ Миронов Сергейщ.**

КЕБЕКОВ Владимир къызэрыхигъэщамкIэ, я партым и унафэщIыр а сымаджэщым тIэунейрэ щыIащ икIи ар хьэзыр хъууэ ятын, лажьэу яутIыпщын папщIэ зэфIигъэкIар мащIэкъым.

- Миронов Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ щыщыIам япэу здэкIуар а сымаджэщырщ. Абы зыщиплъыхьащ, я лэжьэкIэм зыщигъэгъуэзащ икIи илъэгъуа псомкIи арэзы хъуащ. КъыщыщIэкIыжым ар щIэупщIат, сыт хуэдэ медицинэ Iэмэпсымэ къыхуащэхумэ нэхъ къащтэми. Дохутыр нэхъыщхьэм абы хуигъэхьат нэхъ зыхуэныкъуэхэр зэрыт тхылъыр. Тхьэмахуэ зэхуаку блэкIам ахэр къытхурагъэшащ икIи дэ дыкъэкIуауэ ращ партым и унафэщIым къыбгъэдэкIхэр еттыжыну. Миронов Сергей сыт щыгъуи къыщIоупщIэ а сымаджэщым и Iуэху зытетхэм. Шэчхэлъкъым инэIэ абы адэкIи зэрытетынум, - къыхигъэщащ Кебеков Владимир.

Къыхуащэхуахэм яхэтщ сымаджэщыр псом япэу зыхуэныкъуэ хъухэр: плазмэ гъэщтар къызэрагъэвыжыр, хирургхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, нэ кугъуэм и лъыдэуейр зыхуэдизыр къызэрапщыр, лъыр къызэрапщытэхэр, тхьэкIумэм и лажьэр къызэращIэ отоскопыр, тхьэкIумэм, тэмакъым, пэм зэреплъ рефлекторыр.

Сымаджэщым и унафэщI ХьэщIэлI ФатIимэ лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу депутатхэм фIыщIэ къахуищIащ икIи жиIащ къаIэрыхьа Iэмэпсымэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Абыхэм цIыхухэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрырагъэфIэкIуэнур, псом хуэмыдэу, тхьэкIумэм, тэмакъым, пэм теухуауэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэм я дежкIэ зэрыщхьэпэнур къыхигъэщащ.

- Ди сымаджэщым IэщIагъэлI Iэзэ дыдэ щолажьэ, ауэ операцэ мыинхэр хуэщIыртэкъым, абы папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэхэр зэримыIэм къыхэкIыу. КъимыдэкIэ, яхуэмыгъэхъуж узыфэхэр зыпкърытхэр зыщIэлъ къудамэм и лэжьыгъэри къащигъэпсынщIэнущ къытхурагъэшахэм. Плазмэ гъэщтар къызэрагъэвыж Iэмэпсымэм игъэмэщIэнущ лъы зыхакIэн хуейхэм ар яхуэгъэхьэзырыным текIуадэ зэманыр.

Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Инжыжокъуэ Сэфарбий жиIащ мы сымаджэщым цIыху мин 28-рэ къызэрегъэбыдылIар икIи апхуэдэ тыгъэр районым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, дэтхэнэ зы цIыхуми и узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм и кIэухымм Кебеков Владимир дохутырхэм фIыщIэ яхуищIащ я лэжьыгъэ гугъум жэуаплыныгъэ яхэлъу зэрыбгъэдэтым папщIэ икIи ехъулIэныгъэщIэхэр яIэну ехъуэхъуащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

---

**Мы махуэхэм**

**Мэлыжьыхьым и 5,** *щэбэт*

**♦Гъэсэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦1905 гъэм** Курп Ищхъэрэ къуажэм и мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

**♦1943 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ къищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.

**♦1956 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **ПIаз Сергей**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

**Мэлыжьыхьым и 6,** *тхьэмахуэ*

**♦Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**

**♦УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**♦Урысейм щагъэлъапIэ Геологым и махуэр**

**♦1937 гъэм** къалъхуащ дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис**.

**♦1939 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий**.

**♦1941 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **АбытIэ Хъызыр**.

**♦1948 гъэм** къалъхуащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд**.

**♦1958 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкIуэн Мурат**.

**♦1963 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Джэш Рахьмэт**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 7,** *блыщхьэ*

**♦Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Рунетыр - урысыбзэкIэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиIэр) - къыщызэрагъэпэща махуэщ**

**♦Урысейм ягу къыщагъэкIыж псыщIагъырыкIуэ кхъухьым къулыкъу щызыщIэу хэкIуэдахэр**

**♦1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис**.

**♦1948 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин**.

**♦1958 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд**.

**♦1937 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Уэркъуасэ Владимир**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

---

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зи дзэлыфэ къыпхуэзытI псори ныбжьэгъукъым.**

---

# Я хэхъуэр наIуэу щытын хуейщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм КъБР-м Жылагъуэ Iуэхухэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и министерствэм и къулыкъущIэхэм папщIэ семинар иригъэкIуэкIащ.**

АБЫ щытепсэлъыхьащ коррупцэм зэрыпэщIэт хабзэр къэгъэсэбэпыным, къэрал граждан къулыкъущIэхэм я пщэрылъхэр ягъэзэщIэным пыщIа Iуэхухэм. Прокуратурэм и лэжьакIуэм ягуригъэIуащ я хэхъуэхэр абы теухуа тхылъхэм къыщагъэлъэгъуэн зэрыхуейм ехьэлIауэ хуагъэувхэр.

Къыхагъэщащ официальнэ дэфтэрхэр и лъабжьэу хъыбархэр Iэрагъэхьэныр зэрынэхътэмэмыр.

**УАРДЭ Жантинэ**.

---

# ЗыщIэгупсысыжыну зэман яIэщ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Прохладнэ районым щыпсэу цIыхубзищым къэхьпэщ къызэрагъэпэщауэ, абы и лэжьыгъэм хамэ къэрал къикIауэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм щыIэ цIыхухэр къыхашэу.**

ПРОХЛАДНЭ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, жэуапым ирашэлIахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 35-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 241-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и «а» пунктым, 322.1-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. ЯмыгъэтIысу абыхэм тралъхьащ илъэси 3-м щыщIэдзауэ илъэси 3-рэ мази 6-м нэс.

---

**● ФщIэн папщIэ**

# Зэпеуэ къызэрагъэпэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м иригъэкIуэкIынущ «Полицейский дядя Стёпа» сабий творчествэмкIэ урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр.**

ХАБЗЭ хъуа Iуэхур КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэр ящIыгъуу ирагъэкIуэкI.

2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэувар къалъытэу, я ныбжькIэ гупищу гуэшауэ: илъэси 6 - 8, илъэси 9 - 11, илъэс 12 - 14 хъухэм папщIэ ирагъэкIуэкIыну зэпеуэм хэтынухэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщагъэлъэгъуэн хуейщ хэкур фIыуэ лъагъуныр, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, апхуэдэуи Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ.

Iыхьэ щхьэхуэщ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум хуэгъэпсар.

НыбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр къыхащIыкI хъунущ щэкIым, пхъэм, пластилиным, тхылъымпIэ щхъуэкIэплъыкIэхэм, нэгъуэщIхэми.

ЩIыналъэ Iыхьэм лэжьыгъэ нэхъыфIу щы къыщыхахынущ.

Зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIхэм езыхэм ятеухуа тхыгъэ кIэщIыр (и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, сабийм и ныбжьыр, зэкIуалIэ сабий садым е школым теухуар, и телефоныр) ирагъэхь хъунущ щыпсэу щIыпIэм щыIэ Урысей МВД-м и щIыналъэ IэнатIэм.

Район Iыхьэм щытекIуахэм я IэдакъэщIэкIхэр 2025 гъэм накъыгъэм и 10 пщIондэ къыщыIахынущ КъБР-м щыIэ МВД-м и ОИОС-м. Сыт хуэдэ упщIэмкIи фыпсалъэ хъунущ 49-54-63 телефонымкIэ.

**БАХЪСЭН Ланэ**.

---

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, , «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр телевиденэм программэхэр зэхэлъхьэнымрэ ахэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ и редакцэм жэуап зыхь къыдэзыгъэкI **Фарниевэ Кристинэ Аслъэнбэч и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Фарниев Аслъэнбэч Ахъсэрбэч и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Лъэпкъ литературэмрэ журналистикэмрэ зи гъащIэр хуэзыгъэпса



***Лъэпкъ щэнхабзэм лъагъуэ бгъуфIэ икIи купщIафIэ щыхэзыша, абы и зыужьыныгъэм зи гуащIэ емыблэжу хуэлэжьа творческэ цIыху емызэшт Мэзыхьэ Борис. Псэужамэ, мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут. Лъэпкъ литературэми журналистикэми абы зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъэгъуащ, а унэтIыныгъэхэмкIэ Iуэхугъуэ куэдым я зэхэублакIуэуи щытащ. Художественнэ творчествэми, жылагъуэ лэжьыгъэхэми, зыпэрыта унафэщI къулыкъухэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIэт.***

## И гуащIэр псыхэкIуадэ хъуакъым

Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр 1940 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр а къуажэм къыщиухащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъукIа щIалэр школ нэужьым япэщIыкIэ колхозым щылэжьащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджащ. Мэзыхьэр къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ пэрытащ: ар щылэжьащ печатым и щэхухэр щахъумэу КъБАССР-м щыIа IуэхущIапIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым (корреспонденту, къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ и къудамэм и унафэщIу. Борис тIэунейрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Ар илъэс 35-м нэблагъэкIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ.

Игъэзэщ Iа лэжьыгъэм хуэфэщэн пщIэи игъуэтыжащ Борис. Ар Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыфIащащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэри. Мэзыхьэм къыхуагъэфэщащ СССР-м, Урысей Федерацэм я Журналистхэм я союзхэм я саугъэтхэри, щIыхь, щытхъу тхылъ зыбжани.

Мэзыхьэ Борис езым и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, зэгуэр «гурыщIэ пщтыр зыхуищIа «пщащитIым» - литературэмрэ журналистикэмрэ - зыр адрейм япэ иримыгъэщу хуэпэжащ, ахэр егъэфIэкIуэнымкIэ хузэфIэкIыр ищIэу псэуащ. И гъащIэр хуигъэпсащ адыгэ литературэмрэ журналистикэмрэ я зыужьыныгъэм, абыхэм ятригъэкIуэда гуащIэдэкIырщ лъэпкъ тхыдэм абы и цIэр къыхэзынари.

## Зи хъэтI зиIэж тхакIуэ гъэщIэгъуэнт

Абы и IуэхущIафэхэм ущытепсэлъыхькIэ, япэ игъэщыпхъэу къыщIэкIынщ Мэзыхьэ-тхакIуэм и зэфIэкIхэр. Сыту жыпIэмэ, лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ зыпэрыта журналист лэжьыгъэм и къежьапIэ хъужар пасэу тхэным гу зэрыхуищIарагъэнщ. Борис и къуажэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф зэрыжиIэжамкIэ, Мэзыхьэм тхэн Iуэху зэрызэрихуэр япэу къэзыщIар езыращ. Аращ университетым щIэтIысхьагъащIэ щIалэм и япэ тхыгъэм хигъэплъар.

«И тхыгъэм хэслъэгъуа щыщIэныгъэхэри къехъулIахэри щызбзыщIакъым. Си гуапэ хъуат ди къуажэгъу тхакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим и гъуэгум техьэн хьэзыру ди жылэм иджыри зы щIалэ зэрыдэсри, къысхуэгушхуэу и япэ тхыгъэр сэ къызэрызихьэлIари. Абы щегъэжьауэ Борис и творчествэм сыкIэлъыплъащ, икIи сригуфIэрт, икIи сригушхуэрт апхуэдэ тхакIуэ гъуэзэджэ ди къуажэм къыдэкIауэ адыгэ литературэр и новеллэ телъыджэхэмкIи, и повестхэмкIи зэригъэбжьыфIэм», - зэманыфI дэкIауэ итхыжат Елгъэрым.

Критикхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми Мэзыхьэр нэхъыбэу къызэрацIыхур ар адыгэ новеллистикэм и зэхэублакIуэу зэрыщытымкIэщ. ТхакIуэ куэдым къехъулIэркъым псалъэ мащIэкIэ гупсысэшхуэ къэIуэтэныр, ауэ Борис а жанр мытыншым дэгъуэу хэзэгъащ. Яхэткъым абыхэм зи зэхэлъыкIэкIэ мыгъэщIэгъуэн, зи мыхьэнэкIэ мыкупщIафIэ, зи гъэпсыкIэкIэ зыгуэр хуэныкъуэ, зи бзэкIэ мышэрыуэ, акъыл жанкIэ мыухуэнщIа. АбыхэмкIэщ зэман кIэщIым къриубыдэу ар тхакIуэ цIэрыIуэ зэрыхъуар. А тхэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ абы лъэщIыхьа къахэкIагъэнкъым нобэрей ди тхакIуэхэм.

Илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ хуэлэжьащ ар ди литературэм, абы и кIуэцIкIэ и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм и тхыдэм зэи щымыужьыхыжын тхыгъэ хьэлэмэт куэд - и рассказхэрауи, и новеллэхэрауи, и повестхэрауи ирехъуи. Апхуэдэхэщ «Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «ПцIащхъуэ хужь», «Мыл чэщанэ», «Мазэхэ жэщ», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьхэр», «ЩIым и гулъ» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри, къищынэмыщIауэ, урыс тхыгъэ куэди зэридзэкIащ. Мэзыхьэ Борис и творчествэм щыгъуазэм жиIэфынущ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зыхэгъуэщэн зэрыщымыIэр, ар зи хъэтI щхьэхуэ, езым и темэрэ и псэлъафэрэ зиIэж тхакIуэ гъэщIэгъуэну зэрыщытар.

## «Ленин гъуэгум» къыщыщIидзэри...

Мэзыхьэ-журналистым и гугъу пщIымэ, а къалэн мытыншри хъарзынэу ехъулIэу илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ, а IэнатIэм щилэжьащ ущIыщытхъун Iуэху щхьэпэ куэд. Ар пасэу дихьэхат журналист IэщIагъэм. Адыгэ журналистикэм абы щхьэузыхь хуищIащ и щIалэгъуэр, Iуэху зехьэкIэм, цIыхухэр зэщIэгъэуIуэным, абыхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным, унафэ яхуэщIыным, гупышхуэм я творческэ гукъыдэжыр убзыхуным зэрыхуэIэижьри къыщигъэлъэгъуащ а IэнатIэм. «Ленин гъуэгу», иужькIэ «Адыгэ псалъэ» зыфIащыжа газетым къулыкъу зэхуэмыдэ зыбжанэ щрихьэкIащ, редакцэм щыIэ лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ псори игъэунэхуащ, IэнатIэ къэс езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм и лъэужь къыщигъанэу.

Мэзыхьэ Борис 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Ари ирикъунт зылI и къалэну епхьэкIыну. Ауэ Борис а гъэ дыдэм щегъэжьауэ а къалэным и гъусэу зэрихьащ ди республикэм и Журналистхэм я союзым и унафэщI къулыкъури. Емышу и гуащIэ хилъхьащ жылагъуэ лэжьыгъэми.

Газетым и редакцэм щыщылэжьа зэман мымащIэм, илъэс 28-м, Мэзыхьэм къаруушхуэ ирихьэлIащ республикэ мыхьэнэ и пщалъэу адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газет нэхъыщхьэр егъэфIэкIуэным, и бзэр узэщIыным, хэкум Iуэхугъуэшхуэу къыщыхъу псоми жану пэджэжу ар къыдэгъэкIыным. А зэманырщ зыхуэзэр ди бзэр тэмэму джыным, къэгъэсэбэпыным, ди хабзэ дахэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным пыщIа Iуэхугъуэшхуэхэм газетым и гупэ нэхъ щыхуигъэзар. Пэжщ, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэр а псоми я лъабжьэщ. Ауэ газетым и унафэщIыр, журналист гупыр а зэхъуэкIыныгъэм хуэмыхьэзыру къыщIэкIамэ, зэрыхъунур гурыIуэгъуэт.

## Адыгэ газетищым я къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм я зэхэублакIуэ

Мэзыхьэ-редакторырщ зи фIыщIэр зэкъуэш республикищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым - адыгэбзэкIэ щытрадзэ газетхэм я номер зэхэтхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдэкIыныр хабзэ зэрыхъуари. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ, хамэ къэралхэм я мызакъуэу, дызыхэт къэралми, Кавказ Ищхъэрэ дыдэми щикъухьа адыгэ лъэпкъыр зэшэлIэжын, я псэукIэкIэ, я лэжьыгъэкIэ, я щэнхабзэкIэ нэхъ зэрыщIэ хъун папщIэ, а номер зэхэтхэм мыхьэнэуэ яIэр.

Илъэс зыбжанэкIэ егупсысат абы Мэзыхьэр. 1982 гъэм, СССР-м и Журналистхэм я союзым и X съездым кIуауэ, абы теухуауэ епсэлъат «Социалистическэ Адыгейм» и редактору щыта Андырхъуей Жантемыр, ауэ Iуэхур къыдищтакъым, «националист» къытфIащынщ, жиIэри. А лъэхъэнэ дыдэм «Ленин нурым» и редактору лэжьа Шурдым Кушыкуи зытригъэхьатэкъым...

Ауэ а зэман дыдэм къигъэуват гъащIэм зэпэIэщIэ ищIа лъэпкъыр зэрызэрыцIыхужын, гурэ псэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи зы хъужын щхьэкIэ Iуэхугъуэ гуэрхэр щIэн хуейуэ. Театрхэр, филармониехэр, джэгуакIуэ щхьэхуэхэр зэкIэлъыкIуэу, загъэлъагъуэу щытми, нэгъуэщI зэпыщIэныгъэ яIэтэкъым. Уеблэмэ, зэкъуэш тхакIуэхэм, журналистхэм ныбжьэгъугъэ яку дэлъыпхъэу къалъытэртэкъым. Зызэпащ Iэну зэрыхуейр, зэрыпсэур, зэрыщыIэр ягу къихауэ зэхуаIуатэу зэрыгъэпсыпхъэр Мэзыхьэм игу хуигъэхуртэкъым. Абы хьэкъыпIэкIэ къыгурыIуэрт лъэпкъыр зэришэлIэжыным къару куэд ехьэлIэн, ар къыдэзыщтэн иIэн зэрыхуейр. Ар зыхузэфIэкIынур, псом япэрауэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэрат - газетхэрат.

Аргуэру Мэзыхьэм захуегъазэ Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къыщыдэкI адыгэ газетхэм я редактору ягъэувахэм – Мэрэтыкъуэ Рэмэзанрэ Къардэн Мухьэмэдрэ. Борис и жэрдэм дахэр къыдащтащ редакторыщIэхэми ахэр зи пашэ гупхэми. Апхуэдэу псыпэр ирашэжьащ. Япэ «летучкэхэм», журналистхэм фIэкIа зыхэмытахэм, къакIэлъыкIуащ лэжьакIуэ гупхэр, щIыпIэхэм щыIэ власть органхэм я унафэщIхэр къыздекIуалIэхэр. Абыхэм зэпсэлъэныгъэ, зэдэуэныгъэ куухэр ирагъэкIуэкIырт, Iуэхум хуэщхьэпэну гукъэкIхэр щащIырт. Журналистхэр зэхуэсхэм щытепсэлъыхьырт дунейм къытехьа къыдэкIыгъуэщIэр къазэрехъулIам, къадэмыхъуахэм, дяпэкIи гулъытэ зыхуащIыпхъэхэм. Апхуэдэхэм деж Мэзыхьэм и гупсысэр IупщI дыдэу, я зэпыщIэныгъэм адэкIи зэрызригъэужьыным хущIэкъуу абы нэхъыфIу къилъытэр жиIэрт. Журналистым и тхыгъэм уасэ щыхуищIкIэ наIуэ хъурт къыдэкIыгъуэм къытехуа тхыгъэхэм набдзэгубдзаплъэу зэрыхэплъар, и чэнджэщхэм ныбжьыщIэхэм дерс къызэрыхахынум хуэдэу зэригъэпсыр. Апхуэдэт Мэзыхьэ Борис, арат абы и лэжьэкIэр, зыпэрыт Iуэхум нэгъэсауэ щыгъуазэу щытын хуейт. ИужьыIуэкIи Борис и гукъэкIыр илъэс зэхуэмыдэхэм газетхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэм даIыгъащ икIи ноби а лэжьыгъэм къыпащэ.

## ЛIакъуэхэм я къуэпсыр зэпычакъым

«Сэ лъэпкъ газетым илъэс 28-кIэ сыщылэжьащ, корреспондент нэхъыщIэу сыуври, редактор нэхъыщхьэм нэс гъуэгуанэр зэпысчащ, абы къыхэкIыуи «Адыгэ псалъэм» нэхърэ сэркIэ нэхъ лъапIэ газет щыIэкъым. ЩыIэкъым, си къару куэд есхьэлIащи, лъапIэщ, цIыху дахэ куэдым сащрихьэлIащи, гуапэщ, сыт хуэдэцIэ зэрихьами, лъэпкъым хуэлажьэу къокIуэкIри. СегъэгуфIэ дэ къетхьэжьа Iуэхугъуэ зыкъомым, хыфIимыдзэжауэ, ноби газетым зэрыпищэр. Абы къикIращи, нэхъапэм редакцэм щIэса журналист нэхъыжьхэм я гуащIэр псыхэкIуадэ хъуакъым, абыхэм къакIэлъыкIуахэм я Iуэхум дэгъуэу пащэ, япэкIэ ягъэкIуатэ. ЛIакъуэхэм я къуэпсыр зэпычакъым», - щыжиIауэ щытащ Мэзыхьэ Борис и ныбжьыр илъэс 75-рэ щыхъум итауэ щыта интервьюм.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**





● Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

# И чэзум узэмылIэлIар зэтебгъэувэжыну гугъущ

**Илъэс 75-рэ хъуауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапIэ. А махуэр щIыхахам и щхьэусыгъуэр узыншагъэр гъащIэ насыпыфIэм и шэсыпIэу зэрыщытыр, абы сытым дежи гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр цIыхухэм зыхегъэщIэнырщ, ар егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхухэр убзыхунырщ.**



МАХУЭШХУЭМ и тхыдэр епхащ ООН-м къудамэ щхьэхуэу къызэригъэпэща Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы хэтщ къэрали 194-рэ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ а махуэр Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм теухуауэ ирагъэкIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щыхъумэн», «Лъыдэуейм узэрыпэщIэтыныр», «Гъудэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъуэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущ!», «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм цIыху псори къызэщIегъэубыдэн», «Си узыншагъэр си хуитыныгъэщ», нэгъуэщIхэри.

Узыншагъэ быдэр ар гъащIэ зэIузэпэщым и лъабжьэщ. Ар хъумэныр цIыху къэс и къалэн къудейуэ къэнэжыркъым, атIэ я пщэрылъщ жылагъуэ, къэрал IуэхущIапIэхэми, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэ псоми.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухэм я узыншагъэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыркъым. Дохутырхэм абы сыт хуэдизрэ къыхурамыджэми, а чэнджэщхэм тетыр мащIэщ. Узыр къапкърыхьа нэужьщ я узыншагъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр къащыгурыIуэр, ауэ и чэзум узэмылIэлIар зэтебгъэувэжыныр гугъущ.

УзыфI щыIэкъым, я нэхъ мыхьэнэншэми уегъэщхьэжагъуэ. Апхуэдэ щытыкIэм къихута нэужьщ, цIыхум и узыншагъэм хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIар къыщыгурыIуэжыр. ДяпэкIэ нэхъ набдзэгубдзаплъэу фызыхущытыжын папщIэ, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм я нэщэнэхэр зыхуэдэр, абыхэм зэрызащыпхъумэнум теухуауэ медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм щылажьэ IэщIагъэлIхэм къытхуаIуэтахэм фыщыдогъэгъуазэ.

**Балъкъэр Щамил**, *нэ узыфэхэм еIэзэ дохутыр:* - Нэм игъуэт щыщIэныгъэхэр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхокI. Псалъэм папщIэ, тхьэмбыл, фошыгъу узхэм, Iэпкълъэпкъым кальций хуримыкъумэ, нэм удын игъуэтамэ, нэгъуэщIхэми. Абы къищынэмыщIауэ, нэм дежкIэ зэраныгъэшхуэ къашэ иужьрей зэманым ди гъащIэм къыхыхьа техникэ Iэмэпсымэхэу компьютерым, жып телефоным, планшетым. Сабийхэм ехьэлIауэ адэ-анэхэм сытым дежи яжызоIэ телефоныр абыхэм IэщIахыну, чэнджэщхэр тхылъымпIэм тету ядот. Абы и лъэныкъуэкIэ хабзэ пыухыкIахэр щыIэщ. Къапщтэмэ, илъэситхум нэсыхукIэ телефонми компьютерми щыхъумэн хуейщ. АдэкIэ абы къыщыгъэлъэгъуащ сабийхэм я ныбжь елъытауэ а Iэмэпсымэхэр махуэм къызэрагъэсэбэп хъуну сыхьэт бжыгъэр. Псом хуэмыдэу уи нэхэр зэрешар щызыхэпщIэр пщыхьэщхьэращ. А зэманым дежщ цIыхухэм нэхъ ерыщу социальнэ сайтхэр къыщагъэсэбэпыр, жэщ ныкъуэ хъухукIэ хэти компьютерым бгъэдэсщ, хэти планшетымрэ телефонымрэ иIыгъщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я нэхэр Iисраф ящI.

Иджыпсту катарактэкIэ зэджэ узыфэм нэхъ дрохьэлIэ. Ар Iэпкълъэпкъым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм къыхокI. Катарактэр операцэ пщIыуэ нэджыджыр зэхъуэкIын хуейуэ аращ. Глаукомэ зиIэхэри мащIэкъым. Ар къызыхэкIыр нэм епха лъыдэуейрщ. Къапщтэмэ, ар нэхъ шынагъуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уз хэтIэсауэ къыпхуонэри. Абы пIалъэкIэрэ еIэзэн хуейщ.

ЦIыхум и нэхэм зэрилъагъум мащIэкIэ кIэричауэ къызэрищIэу дохутырым и деж кIуэн хуейщ. Апхуэдэу зыгуэр нэм къыщIэуэу къыщыхъумэ, щIисыкIмэ, нэпс къыщIэжмэ, зригъэплъыпхъэщ. Зы мыхьэнэншэми, дагъуэ гуэр и нэмкIэ зыхуищIыжмэ, абы дохутыр зригъэплъмэ нэхъыфIщ. Уи ныбжьыр илъэс 40-м нэсамэ, адэкIэ гъэм къриубыдэу тIэу дэтхэнэми и нэм и щытыкIэр кърригъэпщытэн хуейш.

**Бэрокъуэ Мадинэ**, *оториноларинголог, эндоскопист:* - Эндоскопие къэпщытэныгъэмкIэ хэмытIасэу къыпхуэхутэнущ тхьэкIумэм, пэм, тэмакъыщIэм къыщыхъу узыфэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым зи тэмакъыщIэр лышх узыфэм иубыд цIыхухъухэр нэхъыбэ хъуащ. Куэдым я узыфэр хэтIэсэху дохутырым зыхуагъэазэркъым, лышхыр 4-нэ лIэужьыгъуэм нэсамэ, абы сэбэп узэрыхуэхъужыфын щыIэкъым. Ар зэфыкIыу нэхъыбэрэ дызрихьэлIэр тутынафэхэрщ. КъищынэмыщIауэ, зэранщ щIыIалъэм дэта псы щIыIэмылыр, шей пщтырыр. Ахэр зи нэрыгъ цIыхухэр къыхузоджэ, я узыншагъэр ягъэнэхъапэу, а хьэлхэр зыханыну, абыхэм зыщамыдзеифынумэ, щIэх-щIэхыурэ я щытыкIэр кърагъэпщытапхъэщ.

ТэмакъыщIэм и IуэхукIэ, псом япэу гурыщхъуэ уэзыгъэщI нэщэнэщ макъ икIар. ТхьэмахуитIым къриубыдэу къимыутIыпщыжамэ, адэкIэ умыгъэгувэу эндоскопие, КТ къэпщытэныгъэхэр егъэщIын хуейщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: а узыфэ шынагъуэр къывэмыуэлIэн папщIэ тутын Iугъуэ гуащIэм, щIыIэм, пщтырым фи тэмакъыщIэр щыфхъумэ. ЗыгуэркIэ ар фиIэу къахутамэ, хэвмыгъэтIасэу зэрывгъэхъужыным иужь фит. Пасэу къахута сыт хуэдэ узыфэри куэдкIэ нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ.

ЦIыхухэр нэхъыбэрэ зыгъэсымаджэу дызрихьэлIэр синусит, гайморит узыфэхэрщ. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэр Iэпкълъэпкъым егъэлеяуэ егуэуащ. Абы иужькIэ куэдым я тхьэкIумэм тэмэму зэхимыхыжу, нэжьгъ къупщхьэм шын ирищIауэ, нэгъуэщI дерт гуэрхэри яIэ хъуауэ зыкъытхуагъазэ. Псом хуэмыдэу ди цIыхухэр еукI лъынтхуэр зэхуэзышэ медицинэ ткIуаткIуэхэр куэдрэ къызэрагъэсэбэпым къыхэкIыу, хуиту мыбэуэфу я пэр щиубыдыкI зэрыхъум (медикаментозный ринит). Пэм ирагъаткIуэ апхуэдэ ткIуаткIуэхэр цIыхухэм зэпамыгъэууэ илъэс бжыгъэкIэ къагъэсэбэп, унэм щыдэсми къыщыдэкIми Iэгъуэу яIыгъыу. Аллергие зиIэми пыхусыху зыпкърытми зрахьэлIэу щIадзэри, ипэхэм деж сэбэп къазэрыхуэхъуам къыхэкIыу, яхухыфIэмыдзэжу абы йосэ. Нэхъыбэ дыдэу ахэр къызэрыбгъэсэбэп хъунур махуи 3-5-щ. Пэм зыхищIэ щIыIэм е хуабэм елъытауэ щиубыдыкIыу аращ, апхуэдэ щытыкIэр Iэпкълъэпкъым зэрызихъумэж Iэмалщ. Псом япэрауэ, а ткIуаткIуэхэр зэранышхуэ хуохъу цIыхум и гулъынтхуэ лэжьэкIэм.

Ди зэманым цIыхухэм куэдрэ къагъэсэбэп хъуащ зыгуэрым зэредаIуэ тхьэкIумэIулъхэр. Шэч хэмылъу, ар зэранщ. ПIалъэ пыухыкIа иIэн хуейщ абыи: махуэм нэхъыбэ дыдэу сыхьэтитI. Уи тхьэкIумэм и къабзагъэми егугъуу кIэлъыплъыпхъэщ. Махуэ къэс ягъэкъабзэу пIэрэ тхьэкIумэIулъхэр?! КъищынэмыщIауэ, зым и тхьэкIумэм илъар адрейм къегъэсэбэп, абыкIэ узыфэ гуэр зэрызэIэпахынкIэ хъунур ягу къэмыкIыххэу. Мис апхуэдэхэм деж тхьэкIумэр зыкудэ тхъуэбзащхъуэр нэхъ псынщIэу ирещIэ, абы узыфэ зэхуэмыдэхэри къыдохъей. КъищынэмыщIауэ, ину дэшеяуэ макъамэ зэредаIуэри тхьэкIумэIупсым зэран хуэхъунущ, япэщIыкIэ фIыуэ зэхимыхыжу, итIанэ дэгу хъункIи шынагъуэ щыIэщ.

**Къэнэмэт Мурат**, *хирург-колопроктолог, эндоскопист:* - Лъатэм, кIэтIийм епха узыфэхэр нэхъыбэу къызыхэкIыр, псом япэрауэ, шхын «узыншэр», «къабзэр» фIыуэ нэхъ мащIэ зэрыхъуаращ. Япэхэм щыIакъым мыпхуэдиз узыфэ Iейрэ шынагъуэрэ. ЦIыхум и гуащIэ хилъхьэу щIым елэжьу, абы къытрихар и шхыныгъуэ нэхъыщхьэу къыщекIуэкIам куэдкIэ нэхъ узыншэхэт. А зэманым халъхуауэ нобэм къэсахэм нэхъ куцI яIэщ, абыхэм а уз Iейхэр зэфыкI куэд яхэткъым. Иджыпсту химие пкъыгъуэхэр, ГМО-р зыхэлъ шхыныгъуэхэр куэд хъуащ.

ЦIыхур илъэс 40-м нэсамэ, щIалэу зыкъыщыхъужми, Iэпкълъэпкъым зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъун щIедзэ. А ныбжьым ит дэтхэнэми и узыншагъэр нэгъэсауэ къипщытэн хуейщ, псом хуэмыдэу уи кIуэцIым и щытыкIэр зэбгъэщIапхъэщ. АдэкIэ пIалъэкIэрэ узыкIэлъыплъыжурэ епхьэкIынущ. Къапщтэмэ, лышх узыфэхэм я гугъу пщIымэ, къэбэгар хугу хьэдзэ цIыкIу хуэдизу къожьэ, ар илъэс зытхухкIэ зэрыхъун мэхъу. АпщIондэхукIи абы тыншу зыкъыуигъащIэркъым. Лъы къыбдэхыу, щIыб уимыкIыфу, укъэпщу, узыр зыхэпщIэу хъуамэ, ар и нэм нэсауэ аращ. Мис абы зыщыхъумэн хуейщ. Илъэс 40-м деж зэ къебгъэпщытэрэ, кIэтIийм теухуауэ зыри лажьэ уимыIэмэ, илъэситхум зэ зэбгъэплъмэ, нэхъыби ухуейкъым. Ауэ зыгуэр гурыщхъуэ ящIамэ, къэбэгам еIусэ хъухункIэ кIэлъыгъэплъыпхъэщ. Узыфэ Iейхэм хуэдэ Iыхьлыхэм ящыщ гуэрхэм яIамэ, зи гугъу тщIа илъэс бжыгъэм унэмысуи, уи узыншагъэр къебгъэпщытэн хуейщ.

А узыфэхэм зэрызащыпхъумэнум и гугъу пщIымэ, ахэр къызыхэкIыр кIэтIийр зэрыткудэращи, тшхыр зыхуэдэм ткIийуэ дыкIэлъыплъыпхъэщ. Лыр зэрыхъукIэ гъэмэщIэн хуейщ, цIыхур белок хуэныкъуэщи, ар уи ерыскъыгъуэм хэбгъэкIыпэ хъунукъым. Псом нэхърэ нэхъ сэбэпынагъ зиIэр бдзэжьейращ, абы къыкIэлъокIуэ джэдылыр. Былымылыр нэхъ хьэлъэщ. Зы лы Iыхьэ пшхымэ, къару къыпхелъхьэж, ауэ ар лъатэм щигъэткIуукIэ гуащIэ нэхъыбэ пщIехыж. Адыгэхэм я шхэнми хабзэшхуэ пылът. Псалъэм папщIэ, нартыхумрэ хумрэ къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр сытым дежи я Iэнэм телъащ. Зэдэшхыпхъэр ящIэрт. Къапщтэмэ, лым сытым дежи пIастэ гъусэ хуащIырт. Нартыхури хури адсорбентщ. Абы кIэтIийр игъэкъабзэрт, ар куда хъуртэкъыми, цIыхухэр нэхъ узыншэт.

Зи лъатэм цIынагъэ иIэ сымаджэхэр иужьрей зэманым нэхъ мащIэ хъуащ. Ар лъатэм иришщIэ «хеликобактер» бактерием къыхэкIырт. Нобэрей ди ерыскъыгъуэм антибиотик куэду хэлъщи, ар а бактерием и щхъухьщ. Абдеж сэбэп щыхъуми, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ къыщытхурокъуж, узыфэ куэд къегъэхъей, къапщтэмэ, ар къыхэбэгыкIхэм лъабжьэ езыгъэщIщ. Псы литритI махуэм уефэмэ, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI фIыуэ пшхымэ, куэдрэ узекIуэмэ, кIэтIийр лэжьэнущ.

Iэпкълъэпкъым трищIэ полипым лышх узыфэхэр къыхокI. Къоузу щыткъыми, и нэм нэмысауэ къапщIэркъым. ЦIыхур гугъу ехьу щIыб икIмэ, абы щыгъуэми лъы, цIанлъагъэ къакIуэмэ, къыдэхыр и фэкIэ фIыцIэмэ, и ныбэр къэпщауэ щытмэ, Iэмал имыIэу дохутыр зригъэплъын хуейщ. Лъыр къабзэмэ, шынагъуэшхуэ щыIэкъым. Ар геморройуэ щытынкIэ мэхъу. Апхуэдэхэм деж кIэтIийм сыщеплъкIэ полип цIыкIухэр къызогъуэт. Ахэр занщIэу тыдохри, лышх узыфэр иIэнукъым. ХэмытIэсамэ, адрей органхэм зримытыжамэ, уполъэщ, пхуэгъэхъужынущ. ЩIэныгъэр фIыуэ ипэкIэ кIуэтащ, зыужьыныгъэфIхэр игъуэтащ медицинэм. Дэтхэнэми и узыншагъэр зыхуэдэнур езым елъытыжащ. Iуэхур ем щхьэ нэбгъэсын хуей? Узыфэ Iейр гъэхъужыгъуафIэкъым, зы илъэскIи илъэситIкIи узыншагъэр пхуэзэтегъэувэжынукъым.

**Тау Мадинэ**, *ревматолог:* - Нэхъыбэу ди цIыхухэр «зыгъэтхьэусыхэхэм» я гугъу пщIымэ, ревматоиднэ артрит, Бехтеревым и узыфэ жыхуэтIэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ дрихьэлIэ хъуащ. Иужьрейр узыфэ хьэлъэщ, шынагъуэращи, ар тыншу къахуэхутэкъым. ЗищIысыр къахуэмыщIэурэ цIыхум и тхыр Iушэ мэхъу, «ЛъэIуакIуэм и щытыкIэ» («Поза просителя») жаIэ абы щхьэкIэ. А цIэ лейми къегъэлъагъуэ ар зыхуэдэр. Узыр хэтIэса нэужь, операци пхуэщIыжынукъым, стIолым тегъуэлъхьэфынукъыми.

Сыт хуэдэ нэщэнэхэмкIэ ревматизм узыфэр узэриIэр къызэрыпщIэнур? И къупщэ зэрытыпIэхэр, лыпцIэналъэхэр щIэх-щIэхыурэ, зэуэ къыхэлъадэу узмэ, ахэр бэгмэ, плъыжь хъумэ, абы температурэ лъагэ къритыжмэ, и щIыфэр къищэщмэ, и щхьэцыр икIмэ, и тхым тэмэму зримыгъэгъэхъеймэ, и Iэпхъуамбэлъэпхъуамбэхэм я теплъэм зихъуэжамэ, зимыгъэгувэу дохутыр зригъэплъын хуейщ. Дохутырхэр сэбэп зыхуэхъуфынур узыр хэмытIасэ щIыкIэ абы япэщIэхуэрщ.

Ревматизмыр жьы хъуахэм я узыфэу куэдым къащохъу. Ревматизм узыфэхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокI. Ревматоидный артритыр сыт хуэдэ ныбжьым итми иIэнкIэ мэхъу. «Системная красная волчанка» узыфэм цIыхубз щIалэ дыдэхэр еубыд. Остеоартрозыр жьы хъуахэм яхуэлъэщ, «подагра» узыр нэхъыбэу къызэузыр цIыхухъухэрщ, илъэс 30-м щыщIэдзауэ ар яIэнкIэ мэхъу. Аращи, мы узыфэр жьыгъэ-щIагъэкIэ зэщхьэщыгъэкIакъым.

УзэрызыкIэлъыплъыж елъытакIэ, уи узыншагъэр щыпхузэтеIыгъэ щыIэщ, ауэ къызыхэкIари умыщIэу къыппкърыхьэ узыфэ куэд урохьэлIэ. Медицинэ псалъэкIэ жыпIэмэ, аутоимуннэкIэ йоджэ абыхэм. Псалъэм папщIэ, артроз е остеоартрит узыфэхэм нэхъ защыпхъумэфынущ. Лъэгуажьэ зэрытыпIэхэм епха узыр нэхъыбэу къызыхэкIыр цIыхум и хьэлъагъырщ. А хьэлъагъыр зытегъэщIа лъакъуэм и зэрытыпIэхэр узу мэхъу, хъыщтыр дешхыкI. Абы папщIэ Iэмал имыIэу хьэлъагъым кIэрыгъэхун хуейщ. «Подагра» узыр Iэпкълъэпкъым и лэжьэкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэм къыхэкIыу аращи, лыкIэ, фадэкIэ ебгъэлей хъунукъым.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 7

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЛЮБОВЬ СОВЕТСКОГО СОЮЗА» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Время героев» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ. ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
**00.50** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» (16+)
**11.00** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (12+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**13.40, 15.05, 17.15, 04.00** Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Неизвестные сражения Великой Отечественной» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (12+)
**00.45** Х/ф «ЗДЕСЬ ТВОЙ ФРОНТ» (16+)
**02.00** Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ПРОВАЛ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Лето Господне
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Черные дыры. Белые пятна
**08.15** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.45** Х/ф «КАПИТАН ФРАКАСС» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.05** XX век
**11.45** Д/ф «Приключения Аристотеля в Москве»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.05** Линия жизни
**13.55** Д/ф «Роман в камне»
**14.25** Х/ф «АТЫ-БАТЫ, ШЛИ СОЛДАТЫ...» (16+)
**15.55** «Агора»
**17.15** Музыка эпохи романтизма
**18.10** «Рассказы из русской истории»
**19.00, 02.30** Д/с «Фильмография»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Святитель»
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**22.10** Х/ф «ЦИТАДЕЛЬ» (16+)
**23.05** «Меж двух кулис»
**00.10** Д/ф «Шниди. Призрак эпохи неолита»
**01.40** Д/ф «Юрий Гагарин. Семь лет одиночества»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 19.30, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** География спорта (12+)
**10.55** География спорта (12+)
**11.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Что за спорт?» (12+)
**14.55** «Непобедимый» (12+)
**15.30** Громко. Прямая трансляция
**16.45** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**21.35** Футбол. «Болонья» - «Наполи». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.00** Борьба. Чемпионат Европы. Трансляция из Словакии (12+)

## Гъубж, мэлыжьыхьым и 8

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЛЮБОВЬ СОВЕТСКОГО СОЮЗА» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Д/ф «Я доверяю своему безумию». К 100-летию со дня рождения Эрнста Неизвестного» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**03.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
**00.55** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)
**04.15** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.05, 13.40, 15.05, 15.40, 17.15, 03.55** Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» (16+)
**11.00** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Неизвестные сражения Великой Отечественной» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**00.40** Х/ф «СЕВЕРИНО» (16+)
**01.55** Х/ф «ЗДЕСЬ ТВОЙ ФРОНТ» (16+)
**03.10** Д/с «Ракетный щит Родины» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/ф «Шниди. Призрак эпохи неолита»
**08.50** Х/ф «КАПИТАН ФРАКАСС» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.05** XX век
**11.45** Д/ф «12 стульев». Держите гроссмейстера!»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** «Тициан и другие...»
**13.30** «Острова»
**14.10** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.55, 22.10** Х/ф «ЦИТАДЕЛЬ» (16+)
**15.45** «Сати. Нескучная классика...»
**16.30** «Эрмитаж»
**17.15** Музыка эпохи романтизма
**18.10** Д/ф «Юрий Гагарин. Семь лет одиночества»
**19.00, 02.30** Д/с «Фильмография»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**23.05** «Меж двух кулис»
**00.10** Д/ф «Леди Сапиенс»
**01.40** Д/ф «Алексей Леонов. Прыжок в космос»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Что за спорт?» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 18.10** Новости
**07.05, 15.30, 18.15, 21.55** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** География спорта (12+)
**10.55** География спорта (12+)
**11.30** Смешанные единоборства. Д. Магер - М. Дорошенко. АСА. Трансляция из Минска (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Магия большого спорта (12+)
**14.55** «Непобедимый» (12+)
**16.30** Х/ф «КОМАНДА МЕЧТЫ» (6+)
**19.00** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
**23.00** Борьба. Чемпионат Европы. Трансляция из Словакии (12+)
**00.00** Смешанные единоборства. Дж. Эмметт - Л. Мерфи. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.00** География спорта (12+)
**01.30** География спорта (12+)
**01.55** Триатлон. Суперлига. Трансляция из Великобритании (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Трансляция из Москвы (6+)

## Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 9

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЛЮБОВЬ СОВЕТСКОГО СОЮЗА» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
**00.55** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)
**04.15** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20, 13.40, 15.05, 17.15, 03.55** Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» (16+)
**11.00** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Неизвестные сражения Великой Отечественной» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**00.40** Х/ф «ТЕКУМЗЕ» (16+)
**02.10** Х/ф «ТАЙНА ЗОЛОТОЙ ГОРЫ» (16+)
**03.20** Д/с «Ракетный щит Родины» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/ф «Леди Сапиенс»
**08.50** Х/ф «ОВОД» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.05** XX век
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** «Тициан и другие...»
**13.30** «Острова»
**14.10** Искусственный отбор
**14.55, 22.10** Х/ф «ЦИТАДЕЛЬ» (16+)
**15.45** «Белая студия»
**16.30** «Библейский сюжет»
**17.15** Музыка эпохи романтизма
**18.10** Д/ф «Алексей Леонов. Прыжок в космос»
**19.00, 02.30** Д/с «Фильмография»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**23.05** «Меж двух кулис»
**00.10** Д/ф «Шампольон и Рамсес Второй. Встреча на Ниле»
**01.50** Д/ф «Три дня рождения космонавта Сереброва»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 18.20** Новости
**07.05, 15.30, 18.25, 21.55** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** География спорта (12+)
**10.55** Лыжная страна
**11.30** Смешанные единоборства. UFC. Роман Копылов. Лучшее (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**14.55** «Непобедимый» (12+)
**16.30** Х/ф «ВОИН» (12+)
**19.25** «Что за спорт?» (12+)
**19.55** Баскетбол. ЦСКА - «Пари Нижний Новгород». Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**23.00** Борьба. Чемпионат Европы. Трансляция из Словакии (12+)
**00.00** Профессиональный бокс. Лига Ставок. Ночь чемпионов IBA. Трансляция из Уфы (16+)
**01.00** География спорта (12+)
**01.30** География спорта (12+)
**01.55** Волейбол. Чемпионат России. Pari. Суперлига. Женщины. Финал (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Финал. Трансляция из Москвы (6+)

## Махуэку, мэлыжьыхьым и 10

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЛЮБОВЬ СОВЕТСКОГО СОЮЗА» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОДНАЖДЫ В ЗАЛЕСЬЕ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**03.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ДАЛЬНИЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН. ВЫСТРЕЛ ИЗ ПРОШЛОГО» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
**00.50** «Поздняков» (16+)
**01.05** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**02.00** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.05** Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир» (16+)
**11.00** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**13.40, 15.05, 17.15** Т/с «КРАПОВЫЙ БЕРЕТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Неизвестные сражения Великой Отечественной» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВАРИАНТ «ОМЕГА» (16+)
**01.55** Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ» (16+)
**03.40** Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/ф «Шампольон и Рамсес Второй. Встреча на Ниле»
**08.50** Х/ф «ОВОД» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.05** XX век
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** «Тициан и другие...»
**13.30** Д/ф «Наш любимый клоун»
**14.10** Абсолютный слух
**14.55, 22.10** Х/ф «ЦИТАДЕЛЬ» (16+)
**15.45** «2 Верник 2»
**16.30** Моя любовь - Россия!
**17.15** Музыка эпохи романтизма
**18.20** Д/ф «Три дня рождения космонавта Сереброва»
**19.00, 02.30** Д/с «Фильмография»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «КИНО космос СССР. От фантазии к реальности»
**21.30** «Энигма»
**23.05** «Меж двух кулис»
**00.10** Д/ф «Рецепты эпохи неолита»
**02.00** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 18.20** Новости
**07.05, 15.30, 18.25, 21.25** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** География спорта (12+)
**10.55** География спорта (12+)
**11.30** Смешанные единоборства. UFC. Диего Лопес. Перед боем (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Большой хоккей» (12+)
**14.55** «Непобедимый» (12+)
**16.30** Х/ф «НЕФУТБОЛ» (12+)
**19.25** Волейбол. Чемпионат России. Pari. Суперлига. Женщины. Финал. Прямая трансляция
**22.10** Евротур (12+)
**23.00** Борьба. Чемпионат Европы. Трансляция из Словакии (12+)
**00.00** Смешанные единоборства. И. Омаров - К. Тайгибов. АСА. Трансляция из Краснодара (16+)
**01.00** География спорта (12+)
**01.30** География спорта (12+)
**01.55** Дартс. Чемпионат России среди профессионалов. Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. ЦСКА - «Пари Нижний Новгород». Единая лига ВТБ (6+)

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум

# ЛIыхъужьым и гъуэгу

**Къурей губгъуэжьыр къызэбнэкIрэ Сэтей щхьэпцIанэм уиту зы теуэгъуэ хуэдизкIэ укIуэцIрыкIмэ, адыгэхэр Нэкусхьэблэкlэ зэджэ нэгъуей жылэр, нобэ Новкус-Артезиан фIэщыгъэр зезыхьэр, щысщ. Къуажэр мыин дыдэми, зэгуэр цIыху куэд щыпсэууэ щытащ, тхыдэ гъэщIэгъуэни иIэщ. Адыгэхэр псатхьэ жылэкIэ зэджэ къуажитIым зыр Нэкусхьэблэщ, етIуанэри - Псыхуабэ пэмыжыжьэу щыс Къанлыщ. Пхъурылъху жылэщ жаIэурэ пщIэ хуащIу, якIэлъыкIуэу, езыхэри щIэхщIэхыурэ адыгэхэм къахыхьэу щытащ. Ди лъэпкъым и гугъу ящIрэ и цIэр кърагIуэмэ, нэгъуей цIыхубзхэр зэщIотаджэ, щIыжаIэри аращ - я бзылъхугъэ нэхъыжьхэр адыгэхэм ящыщт, фIэлIыкIрэ пщIэрэ зыхурагъэщIат.**

НЭГЪУЕЙХЭМРЭ адыгэхэмрэ я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэм дытепсэлъыхьын хуей щIэхъум зы щхьэусыгъуэ иIэщ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Нэкусхьэблэ деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм и щхьэр хилъхьащ къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр щытхъу дахэ пылъу кърезыгъэIуа, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Ачмыжь (кIахэ адыгэбзэкIэ - Ацумыжь) Айдэмыр. Шур щепсых и мащэщ, жаIэ адыгэхэм. Айдэмыр Нэкусхьэблэ щыщIалъхьэжащ, и кхъащхьэри нобэр къыздэсым щызэрахьэ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэда дэтхэнэми и кхъащхьэм гулъытэ иIэщ, ар щыгъэтауэ, хэгъэгум и нэIэ тету зэрахьэ жызыIэн щыIэнщ. Ар пэжщ. Уеблэмэ Нэкусхьэблэ и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэкIуэдахэр зыщIэлъ къуэшыкхъи къуажэм дэтщ, хуэфащэ пщIэ щигъуэту. Ачмыжь Айдэмыр и кхъащхьэр щхьэхуэу зэрыщытракъым и цIэр нэхъыбэрэ къыщIраIуэр, атIэ щIалэр адыгэм къызэрыхэкIам къуажэдэсхэр щыгъуазэу, анэш хьэкъкIэ къатехуэ гулъытэр зыхуэдизыр нэкусхьэблэ нэхъыжьхэм зыдащIэжу зэрыщытращ. Дапщэщи къуажэм дыхьэ - уадыгэу къащIамэ, нэхъ нэ лейкIэ къоплъынущ. Нэгъуейхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуаку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр джаур зауэжьым зэпиудауэ щытами, хуитыныгъэм щIэзэууэ зи псэр зыта щIалэм Iэджэ гукъэкIыжи къызэщигъэужыгъат... Нэкусхьэблэри а гукъэкIыжхэм Iулыдж хуищIу нобэми къогъуэгурыкIуэ.

Суворов Александр, Кутузов Михаил, Хмельницкий Богдан я щIыхькIэ щыIэ орденхэр зыхуагъэфэща, Бэракъ Плъыжьыр зезыхьэ 10-нэ Псыжь-Слуцк гвардие къэзакъ шуудзэм IэщэкIэ зэщIэузэда и 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэм и топузэд, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр Ахьмэд и къуэр 1912 гъэм гъатхэпэм и 22-м Шапсыгъ щIыналъэм хыхьэ ШэхэкIеишхуэ къуажэм къыщалъхуащ, хабзэшхуэрэ зэгурыIуэрэ зэрылъ унагъуэми къыщыхъуащ. Зы анэ къилъхуахэм я зэхущытыкIэн хуейм щегъэжьауэ цIыхум яхыхьэмэ къыдалъагъупхъэ щэнхабзэхэм щыщIэкIыжу щапхъэмрэ бзыпхъэмрэ щIапIыкI щIалэм пасэу къыгурыIуащ гъэсэныгъэм и мыхьэнэр зыхуэдэр. Нобэ нэхъыжьыгъэр къызылъысауэ ШэхэкIеишхуэ дэс тхьэмадэхэм къыжраIэжауэ щытауэ ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, Айдэмыр егъэлеяуэ цIыху щыпкъэт, зэпIэзэрытт, укIытэшхуэ хэлът, и Iэдэбагъым узыщигъэукIытэрт. Къепсалъэм жиIэр и кIэм нимыгъэсауэ зэпиудынутэкъым, ар къэгъэнауэ, езыри тIэкIу емыгупсысауэ и псалъэр абы занщIэу пигъэувэнутэкъым. Абы къыхэкIыу зэрыщIалэрэ



жьыи щIэи къыфIэлIыкIыу щытауэ жаIэж.

Айдэмыр фIэгъэщIэгъуэн дыдэт къэзыухъуреихь дунейм и ухуэкIэр, абы и щэхухэр зригъэщIэну хущIэкъурт, бгыхэм дэкIыныр, Iуащхьэхэм кIэрыхьэныр, псыхъуэхэм щызэхэзекIуэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Шапсыгъ нэхъыжьхэм къабгъэдихауэ щалъхуа хэкум и дэтхэнэ щIыпIэми теухуа хъыбар бжыгъэншэхэм щыгъуазэт, удихьэхыуи къиIуэтэжыфырт. «Ачмыжьхэ я щIалэм Шапсыгъыр къыкъуэнэжыну и хъыбарыр гукIэ зэрегъэзахуэ», - жаIэу и щIэжым цIыхур къехъуапсэу гурыхуэт. Арагъэнущ лъэпкъ IуэрыIуатэхэр зэхуахьэсыжыну шапсыгъ лIыжьхэм я деж къакIуэ щIэныгъэлIхэр япэщIыкIэ Айдэмыр IущIэу, зытекIухьа Iуэхум и къегъэжьапIэ хъунур абы деж щызэрагъэпэщу щIыщытар.

ЗэрыцIыкIурэ еджэным и гур етауэ къызэрытэджари нэхъыжьхэм я Iущыгъэу зыхилъхьари зэхыхьэжауэ къыщIэкIынущ Айдэмыр еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну щытегушхуар, бгъэдэлъ щIэныгъэм щIэблэр щигъэгъуазэу лэжьэн гуращэр къыщIыхихар. Ачмыжьым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт училищэр 1937 гъэм къиуха нэужь, Краснодар дэт институтым и щIэныгъэм щыпищащ. ЩIалэм къыхихар географием пыщIа IэщIагъэрщ. ЕгъэджакIуэу лэжьэну хуит зыщI тхылъыр къыщыIэрыхьэм, Айдэмыр Шапсыгъым игъэзэжри, къыщыхъуа ШэхэкIеишхуэ къуажэм тIэкIурэ щылэжьащ. ЩIалэ жаным и Iуэху щIэкIэм щIэх гу къылъатащ икIи адыгэ къуажэ пхыдзахэм языхэзым, ФIеикъуэ жыхуаIэм, дэт еджапIэм и унафэщIу ягъэуващ. Абдеж Iуэхур щызэтриублэм, Хьэджыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэр зэрихьэну ягъэкIуащ. Айдэмыр щылэжьа къуажэхэм псоми лъэужь дахэ къыщигъэнащ, нобэр къыздэсым ящымыгъупщэжауэ и гугъур щащIуи зэхэпхынущ.

ГъащIэм Iэджэ гугъапIэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ ирипхырт щIалэм. ПщIэ зыпылъ лэжьыгъэ иIэт, еджэныр иухыу игъэзэжа нэужь унагъуэ дахэ иухуат, и щхьэгъусэ Хужь дигъуэтат Александр зыфIища щIалэ цIыкIур. АрщхьэкIэ зауэм Iэмал къритакъым и щIалэ закъуэм гу щихуэну. 1941 гъэм къэхъея зауэ мэхъаджэм Iэджэ унагъуэ насыпи къырикъутэхыгъащ... ЕджапIэр къигъанэу зэуапIэм Iухьэну Айдэмыр мызэ-мытIэу лъэIуа щхьэкIэ, зыри къикIыртэкъым, IэнатIэ ирихьэкIыр зригъэтIылъэкI мыхъуну къыжраIэурэ къыхуадэртэкъым. Апхуэдэурэ мазэ зыбжанэ кIуауэ, щалъхуа къуажэм щыщ щIалэхэм зауэм дэкIыну зыкъыщаIэтым, и напэ ебэкъуэфакъым - къалэмыр игъэтIылъри, Iэщэр къиштащ, и Хэку, и жьэгу, и унагъуэ къащыжыну.

«Зэры-Шахэпэу заIэт,
Iэщэ зыщтахэр дошэсыкI,
ЩIылъэр къэщтами,
Шапсыгъ щIалэхэр къэщтэнкъым», - жаIэурэ щIалэхэр дэкIащ, я псалъэри ягъэпэжащ.

Дзэ Плъыжьым хэхуа щIалэщIэхэр Шапсыгъ щIыналъэм дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ и къулыкъуэщIапIэм 1942 гъэм мазаем топузэду 267-нэ шуудзэ щхьэхуэм (1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм 2-нэ гвардие шуудзэ хъуам) и 2-нэ батареем хигъэхьащ. Батареер IэщэкIэ зэщIэузэда 4-нэ гвардие къэзакъ шуудзэм хэту зауэм Iухьауэ щытащ.

«ПсэзэпылъхьэпIэм ихуащ» жыхуаIэр зищIысыр япэ махуэ дыдэхэм зыхищIащ Айдэмыр. «МылIэжын щыIэкъым, фи пIэщхьагъ фытелъу фи псэ хэкIми, зэуапIэм фи псэр хэфлъхьэми, фылIэнущ. Ауэ лIэным лIыгъэ хэлъщ, фи щIыбыр бийм евмыгъэлъагъу, мэхъаджэу факъыхущIэкI. Уэрэд уахътыншэр зыхуаусынухэм ящыщ фыхъу, хъуэн зрапэсым фыщIехъуэпсэн хэлъыххэкъым. Псэм ипэ напэр ивгъэщ, щIалэхэ!» - жаIэу нэхъыжьхэр къазэреущияр зи тхьэкIумэм имыкI щIалэр езыми куэд дыдэ зэрелъытар зыдищIэжу IэнатIэм пэрыуващ. Зэгуэр щIалэ щэхуу щытар къыпхуэмыцIыхужыну, шынэ жыхуаIэр зимыIэ лIыхъужьу, гушхуэ зыкIуэцIылъ зауэлI хъыжьэу зыкъигъэлъэгъуащ, цIыху гъащIэмрэ мамырыгъэмрэ я уасэр нэсу зыхищIэу лIыпIэ иуващ. Айдэмыр хахуагъэ щигъэлъагъуэу КъалэIус губгъуэм (Шкуринскэ икIи Кущевскэ станицэхэм я Iэгъуэблагъэм) 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ. Куэд дыди дэмыкIыу ШэхэкIеишхуэм хъыбарыр дэз хъуащ - я къуажэгъу щIалэ Ачмыжь Айдэмыр зэрихьа хахуагъэм папщIэ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

КъалэIус губгъуэм зэрыпхъуакIуэхэр щыхагъащIэу текIуэныгъэр къыщахьа нэужь, советыдзэм а мазэ дыдэм Мейкъуапэ - ТIуапсэ лъэныкъуэмкIэ зыкъигъэзащ. Хуарзэ Iуфэм, Куэшхьэблэрэ ХьэкIэмзейрэ я зэхуакум щекIуэкIа зауэ хьэлъэми хэтащ Ачмыжьыр. Мыбдежи щысхьырабгъу имыщIэу бийм щезэуащ адыгэ щIалэр. Жэщи махуи ямыIэу советыдзэм къебгъэрыкIуэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Ачмыжьыр Iэщэ ихакIэ щахэлъадэм, къызэщIиIэта зауэлIхэм бийр Iэнкун ящIат, зыкъэщIэжыгъуэ ирамыгъахуэуи ирагъэкIуэтат. Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыщыхуагъэфэщар а зэхэуэм иужькIэщ.

Айдэмыр зыхэт шуудзэр 1942 гъэм шыщхьэуIум и 10-м Гудермес лъэныкъуэмкIэ ядзащ. КавказщIыб фронтым хэту IэщэкIэ зэщIэузэда 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэр Сэтей щхьэпцIанэм мазищкIэ щызэуащ, Кудэкъуэ цIыкIу (Владимировкэ), Къамылыкъуэ (Камыш-Бурун), Шыгъукъуэ (Ачикулак) жылэхэри щхьэхуит къащIыжащ. Ачмыжь Айдэмыр и унафэм щIэт 2-нэ батареер зрапха 36-нэ гвардие шуудзэр жэщым, 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м, нэмыцэхэм уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, Нэкусхьэблэр къыIэщIахыжащ, Мэздэгурэ Буденновскрэ зэпызыщIэ гъуэгуми ахэр фIыуи пыIуидзащ. Нэмыцэдзэм и дзэ унафэщIхэм (Вермахтым) мы гъуэгум мыхьэнэшхуэ иратырт, сыт къэмыхъуами ар яубыдыжыну хущIэкъурт. Арагъэнущ Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэда икIи зэгъэпэща нэмыцэдзэр мы щIыпIэм къыщIриутIыпщхьари.

Нэкусхьэблэр щIэрыщIэу яубыдыжын щхьэкIэ етIуанэ махуэм зэрыпхъуакIуэхэр къебгъэрыкIуэу, ягъуэт хэщIыныгъэм щхьэкIи къамыгъанэу къуажэм къытегуплIэу хуежьащ. АрщхьэкIэ дыхьэфакъым, ирагъэкIуэтащ - Ачмыжь Айдэмыр и зауэлI къалэныр и кIэм нэс игъэзэщIащ...

Лэгъунэ нэщIым къыщIэна Ачмыжь Хужь къыхуэкIуа щыгъуэ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «... Зауэр къыщызэщIэплъэм, бийм и топышэр Ачмыжьыр зыхэт расчётым къытехуэри, псори зэтриукIащ, езы Айдэмыр уIэгъэ хъуащ. Ауэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу, щIалэр топым еувалIэри, сыхьэтихкIэ бийм езауэу бгъэдэтащ, танк 11-м щыщу тхур къигъэуэн лъэкIащ. Советыдзэм щыщ дэIэпыкъуэгъухэр къэсыху Айдэмыр биидзэр зэтриIэжьащ, къуажэри яригъэубыдакъым...». Зауэ мафIаем зи щхьэр хэзылъхьа щIалэм и цIэм къыщымынэу, зыщыщ лъэпкъ уардэм и цIэри къыхощ зи гугъу тщIа щыгъуэ тхылъым: «Адыгэ Хэкум (Черкесием) и къуэ хахуэ, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр бийм и пащхьэ къыщыскIакъым, лIыгъэ хэлъу и псэр Хэкум и хуитыныгъэм щIитащ».

Нэкусхьэблэдэсхэм куэдрэ ягу ихуакъым а зауэ лъыкIпсыкIыр. ЩIытIым увыIэгъуэ имыIэу къилъэлъ топышэр зэпыуа пэтми, биидзэр абдеж къекIуэлIэну куэдрэ зэрыримыкуам, псэ зыхэмытыж щIалэ хъыжьэм къыбгъэдыхьэнуи дзыхь зэримыщIам и хъыбарыр тхыдэм къыхэнащ...

Адыгэ щIалэм и лIыгъэр фронтым псынщIэ дыдэу щызэлъащIысащ. Айдэмыр зэрихьа хахуагъэм хуищI пщIэмрэ IулыджымрЭ я щыхьэту, Хэку зауэшхуэм хэта усакIуэ Исаков Андрей «Унафэр игъэзащIэу» зыфIища усэр а лъэхъэнэм зэIэпахыу зауэлIхэм яIыгъащ, макъами щIагъэувэжри, уэрэду жаIэу къекIуэкIащ. Усэу къежьар гъуэгурыкIуэ уэрэду зауэлIхэм зыкъомрэ къадэгъуэгурыкIуащ. Зауаем и бахъэр цIыхум щащхьэщыкIым, Нэкусхьэблэ и Iэгъуэблагъэм щыкIуэда щIалэхэм я хьэдэхэр губгъуэм кърахыжри, къуажэм щыщIалъхьэжащ, Ачмыжь Айдэмыри иужьрей увыIэпIэр абдеж щигъуэтащ...

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм гъатхэпэм и 31-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, ШэхэкIеишхуэм къыдэкIа адыгэ щIалэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыхуагъэфэщащ. Езым имылъагъужами, адэм, адэшхуэм и лIыгъэр зи напщIэм телъ бын хъарзынэ къыщIэнащ, лъэужь дахэ зиIа лIыхъужьым и фэеплъыр я гум имыхуу, хуэсакъыу яхъумэу.

Пэж дыдэу, адыгэ лIыхъужьым и фэеплъ гъуэгур фIэрафIэу къыщIэкIащ. Хэку зауэшхуэм и музей нэхъыщхьэм хэт Дзэ ЩIыхьым и Унэм дыщэпскIэ блыным къыхэIущIыкIащ ЛIыхъужьым и цIэр. Мэзкуу дэт ТекIуэныгъэм и Паркым и музейм цIыхуу щыпэкIур къыпхуэмылъытэным хуэдизщ - дэтхэнэми Iэмал иIэщ адыгэ щIалэм и цIэ-унэцIэр щызэхахыну, зэрихьа хахуагъэм и хъыбарым щыщIэдэIуну.

Айдэмыр и псэр щита щIыпIэм, Нэкусхьэблэ деж, 1962 гъэм, ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, езы къуажэри бийм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 20 щрикъум, и кхъащхьэм фэеплъ скъар трагъэуващ. Мыбдежыр цIыху кIуапIэщ. Къуажэм къыщызэрагъэпэщ зэIущIэхэри, зэхуэсхэри, пэкIухэри щекIуэкIыр мы фэеплъ утыкуращ. Кхъэлэгъунэр къабзэу зэрахьэ, цIыхуIэ зэреIусэр, зэрагъэдахэр наIуэу. Къуажэдэс нэхъыжьхэр фэеплъым «анэшыкхъэкIэ» еджэу щытащ, езыхэр къэзылъхуахэр зэрыадыгэр ямыгъэгъуащэу, я лIыхъужьыр зэрыадыгэми иригушхуэу.

ЛIыхъужьым и цIэр щалъхуа ШэхэкIеишхуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм фIащащ, 1963 гъэм и фэеплъыр абы и пщIантIэми щагъэуващ. Абы и закъуэкъым - Хьэджыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и блыным Ачмыжь Айдэмыр и теплъэр къызытещ пхъэбгъу кIэралъхьащ. Мазэ зыбжанэкIэ еджапIэ унафэщIу щылэжьа къуажэм и зы уэрамми абы и цIэр зэрехьэ. Айдэмыр егъэджакIуэуи унафэщIуи щылэжьа ФIеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэми абы и фэеплъ пхъэбгъу кIэралъхьащ. ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт институтым и ЩIыхь блынми абы и сурэтыр фIэлъщ.

ЛIыхъужьым и фэеплъыр зэрагъэлъапIэм и щыхьэтщ Нэкусхьэблэ дэт курыт еджапIэм и ныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм «Ачмыжьхэр» («Ачмизовцы») цIэр зэрызэрихьэр, къуажэ музейми Ачмыжь Айдэмыр и цIэр зэрыфIащар. Зэгухьэныгъэм ухыхьэныр тынш дыдэкъым - фIыуэ уеджэу, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэмрэ гулъытэмрэ хуэпщIу, щапхъэ зытрах ныбжьыщIэ губзыгъэ цIыкIуу ущытын хуейщ, «нэгъэсауэ у-Ачмыжьщ» къыбжаIэн папщIэ.

... МащIэ псыи ежэха зауэр зэрыувыIэрэ, Iэджэ псэи кIуэжа дуней пэжым абы лъандэрэ, ауэ иджыри къыздэсым блэкIа хъугъэщIагъэ бзаджэм ущегупсыскIэ гур ехуз, нэпс зэпымыужым итхьэлэу быным, анэкъилъхухэм, щхьэгъусэхэм щхьэкIэ тхьэ елъэIуу унэм къыщIэна адэ-анэхэм, къуэшшыпхъухэм, щуIэгъэхэм ягъэва бэлыхьым узэхуешэ. Гум зыри ихужыркъым, мащIэу щыужьыхыу аращ, зэпымычу щыпIэжьажьэу. А илъэс бзаджаехэр зи нэгу щIэкIа нэхъыжь куэд нобэ къытхэмытыжми, яфIэкIуэда цIыхухэм хущIагъэкIа нэпсыр тлэгъуащи, а нэпсри, нэпсыр зыхущIагъэкIахэри дэркIэ лъапIэщ. Ачмыжь Айдэмыр хуэдэ защIэщ зэуапIэ губгъуэм икIуэда псори, мамырыгъэр зи гум илъ, цIыхугъэр зи щапхъэ дэтхэнэ зыми абыхэм я фэеплъыр ямыгъэкIуэду яхъумэнущ. Аращ цIыхур уахътыншэ зыщIри.

*Тхыгъэри сурэтри «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель* **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

*Кавказ Ищхъэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тхэквондомкlэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лlэужьыгъуэмкlэ) я федерацэхэм я тхьэмадэ, УФ-м Тхэквондомкlэ и зэгухьэныгъэм и гъэзэщlaкlуэ комитетым хэт, дисциплинэмкlэ комиссэм и унафэщl Щокъарэ Азрэталий нобэ тхутопсэлъыхь а спорт лlэужьыгъуэм япэ лъэбакъуэхэр республикэм зэрыщыпхиша щlыкlэхэм, зылууа гугъуехьхэм, ныбжьыщlэхэм драгъэкlуэкl гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм, абыхэм ехьэлlaуэ иlэ гупсысэхэмкlэ, нэгъуэщlхэмкlи къыддогуашэ.*

# ЩОКЪАРЭ Азрэталий: Гугъуехьыр зищlысыр зыщlэ сабийр гъэсэгъуафlэщ



**- Азрэталий, сызэрыщыгъуазэмкlэ, тхэквондо спорт лlэужьыгъуэм ди республикэм щыщ ныбжьыщlэхэр хуегъэсэн щlэзыдзахэм уахэтащ. Дауэ къыщlэвдза хъуат а lуэхур?**

- 2000 гъэм щlышылэм и 15-м республикэм Юстицэмкlэ и министерствэм щедгъэтхауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Тхэквондомкlэ и федерацэ. Ауэ а lуэхум иужь дихьэным зэманыфl иlэу Бахъсэненкэ къуажэм тренеру лэжьэн щыщlэздзащ. А лъэхъэнэм Бахъсэн щlыналъэм и жылэхэм сыкlуэурэ ныбжьыщlэхэр абы хуэзгъасэрт, хуэм-хуэмурэ секцэхэр къыщызэlутхырт. Икlи илъэс зытlум къриубыдэу районыр тхэквондом къызэщlедгъэубыдащ.

Адэкlэ Прохладнэ щlыналъэмкlэ дыкlуэри, абы щылажьэ тренерхэми захуэдгъэзащ. Ахэри дэ тхуэдэу лажьэу арати, зыхэдгъэхьащ. Иужькlэ Дзэлыкъуэ щlыналъэмкlэ дунэтlри, абыкlэ щыlэхэм депсэлъащ.

Апхуэдэурэ Налшык лъэныкъуэмкlэ дыкъакlуэри, къыджаlат Кэнжэ къуажэм тхэквондомкlэ секцэ зэрыщыlэри, абы щылажьэ тренерхэм захуэдгъэзащ. Сытми, апхуэдэурэ, ахэр ди лъабжьэу федерацэр къызэlутхащ.

Иужькlэ Нарткъалэ лъэныкъуэмкlэ дгъазэри, Иорданием къикlыжауэ зы щlалэ щылажьэу щыlэт абыи, ари къыхэтшащ ди зэгухьэныгъэм. Тхэквондомкlэ секцэ къызэlуихауэ щытат абы ипэlуэкlэ, ауэ лэжьыгъэр хузэтемыублэу, зэхуищlыжын хуей хъуати, дыдэlэпыкъуурэ ар къызэlуедгъэхыжащ. Абы игъэсауэ щlалитl хъарзынэу мэлажьэ нобэми, ехъулlэныгъэ хъарзынэхэр къэзыгъэлъагъуэ спортсменхэри яlэу.

Тэрч, lуащхьэмахуэ щlыналъэхэмкlи дыщыlат, ауэ абыхэм ди lуэхур щыхъуакъым, тренерхэр зэрыщымыlэм къыхэкlыу. А щхьэусыгъуэм къыхэкlыу а районхэр ткlэрыхуа хъуащ. Итlанэ, каратэм нэхъыбэу щыхуагъасэ абыкlэ. Аушыджэри секцэ къыщызэlутхын ди гугъат, ауэ ари хъуакъым. Апхуэдэу щытми, ди мурадщ республикэм и зы щlыналъи къэдмыгъанэу тхэквондом къызэщlедгъэубыдэну.

**- Уэ узэреплъымкlэ, сыт нэхъ гугъуу хэлъар япэ лъэбакъуэхэм?**

- Сыт хуэдэ щlэдзапlэми ещхьу, гугъуехь куэд пыщlауэ щытащ ди деж а спорт лlэужьыгъуэм и лъэр щыувыным. 2000 гъэм, ди федерацэр къыщызэlутхам щыгъуэ, Сидней къалэм щекlуэкlа Олимп джэгухэм тхэквондор япэу хагъэхьауэ щытащ. Абы щыгъуэ дыжьын медаль япэу ди къэралым къыхуихьащ Ивановэ Наталье. Сэ тренеру сыщылэжьа зэманым тхэквондор Олимп джэгухэм хэтакъым, а спорт лlэужьыгъуэм ди цlыхухэр фlыуэ щыгъуазэтэкъым, нэхъыбэу здэкlуэр каратэрат. Илъэс бжыгъэ дэкlащ абы лъандэрэ, ауэ нобэр къыздэсми щlоупщlэхэр, тхэквондор олимп спорт лlэужьыгъуэхэм хыхьэрэ, жаlэу.

Сытми, тхэквондор куэдым зэрамыцlыхум, спорт школхэр зэрыщымылажьэм, тренерхэм къэралым улахуэ къазэрыритын lэмалхэр зэрыщымыlам къыхэкlыу, абы зегъэубгъугъуейт. Дапхуэдэуи щlыи, унагъуэр зэрипlын мазэ хьэкъ имыlэу зы тренери пхуэлэжьэнукъым. Ари зэфlэмыхьэныгъэхэм ящыщщ.

Пэжщ, сабийхэм я адэ-анэхэр къыщыддэlэпыкъу щыlэт, ауэ абыхэми зэ, тlэу зыкъыпщlагъакъуэ щхьэкlэ, иужькlэ яхузэфlэмыкlыж хъурти, секцэхэр зэбгрылъэлъыжырт. Нэхъапэlуэкlэ сыздэкlуауэ щыта щlыналъэхэми секцэхэр къыщызэlутх щхьэкlэ, зэрагъэлэжьэн ахъшэ зэрамыlэм къыхэкlыу ахэр лъэлъэжырт. Гъуэгупщlэ къудей ямыlэу апхуэдэт тренерхэр. Зыгуэр зыхузэфlэкl хьэрычэтыщlэм уелъэlуми, зэ къыпхуищlэ, гъуэгупщlэ сыт хуэдэхэр къуит щхьэкlэ, ежьэгъуэ къэс къыбдэlэпыкъуфынутэкъым. Уэри аргуэру зэхьэзэхуэ дыгъакlуэ жыпlэу зыхуэбгъэзэнуи къезэгъыжыртэкъым.

Зэпеуэ ухэтыну зыщlыпlэ укlуэн щхьэкlэ улъаlуэу удэтын хуей хъурт а зэманым. Сэ лэжьэн щыщlэздза илъэсхэм апхуэдэущ lуэхур зэрыщытар. Сабий къэбгъэгугъар, зэхьэзэхуэм хуэбгъэхьэзырар къэбгъэпцlэжыну, зэпеуэм умышэну къыпхуегъэзэгъыртэкъым, аращ дызыlыгъари.

lуэхур апхуэдэу екlуэкl зэрымыхъунур наlуэ хъуащ 2001 гъэм иужькlэ. Федерацэ щыдиlэкlэ, жысlэри, сытхэурэ, тренерхэм мазэ улахуэу сом 300 хуэдиз къалэжьу хуедгъэщlащ. Абы щыгъуэ а ахъшэм зыгуэрхэр къыщlэкlырт.

Илъэситl дэкlри, Бахъсэн щlыналъэм ейуэ спорт школ къызэlутхащ, хуэмурэ нэхъ зыдужьи хъуащ. Тренер ставкэу къыдатахэм щыщ Кэнжэ щыlэхэми ялъысри, lуэхур нэхъ щызэтеубла хъуащ абдежым. Адэкlэ республикэм Спортымкlэ и министерствэм зыхуэдгъазэми, ди зэфlэкlхэр ядгъэлъагъуми (телевиденэмрэ газетхэмрэ ди лэжьыгъэр нэхъ хэlущlыlу ящl хъуат), тхэквондор нэхъ цlэрыlуэ хъуу хуежьащ.

Сытми, тхэквондомкlэ спорт школхэр къызэlутхыу, КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм и нэlэ ахэр щlэдгъэувэу, ди гъэсэнхэр зэхьэзэхуэхэм дгъакlуэ хъууэ ди lуэхур зэтедгъэувэху гугъуащ. Ди сабийхэр фи деж нэтшэнут, жаlэ щыхъуар нэхъ иужькlэщ.

**- Илъэс 25-рэ хуэдизкlэ узэlэбэкlыжмэ, зы къуажэ гуэрым себгъэблэгъауэ щытащ евгъэкlуэкlыну зэхьэзэхуэм сытебгъэтхыхьыжыну. Абы щыгъуэ сабийхэм я нэхъыбэм иджыри спорт фащэхэр яlэтэкъым, къызэрыгуэкlыу хуэпахэу арат. Ауэ нэхъыбэу сигу къинэжар нэгъуэщlт. Зэхьэзэхуэр зэфlэкlа нэужь, дыздэкlуам lэнэ зэпэщ ягъэуват, зэрыжаlэу, фадэ-пlастэкlэ узэдауэ. Ар щыплъэгъуам: «Нобэ сызыхэт lуэхур мис мы фадэм ди сабийхэр щытхъумэн, гъащlэ узыншэм къыхэтшэн мурадкlэщ къыщlесхьэжьар. Иджыпсту мыбдеж сыщетlысэхыжмэ, сщlэуэ хъуар псори пцlыуэ аращ», - жыпlэри, дыкъыщlэкlыжат, фlыщlэ яхуэпщlри. Атlэ, фи деж къакlуэ сабийхэм, ныбжьыщlэхэм сыт хуэдэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр ядевгъэкlуэкlрэ нобэ?**

- Хэкъузауэ спортым хуэбгъэса нэужь узэхуэсыжауэ ущызэхэсым деж, фlыуэ лэжьа, пщlэнтlэпс къызэкlуа, къару къезыхуэкlри зэтес хъуа сабийр нэхъ дэlуэгъуафlэ мэхъу, сыт жепlэми зэхех. Мис апхуэдэ дакъикъэхэм деж адыгэ хабзэр зэрыщытым, езыхэм зэрызауэжьын хуейм, иджыпсту дунейм къыщекlуэкl мыхъумыщlагъэхэм, ди лъэпкъым хэмылъ хьэл-щэнхэм зыдрамыгъэхьэхыным теухуа псалъэмакъхэр ебгъэкlуэкlыну щхьэпэщ. Ди тренерхэр абы и лъэныкъуэкlэ сабийхэм фlыуэ ядолажьэ.

Спортсменыфl хъуным япэкlэ хабзэ, нэмыс зыхэлъ цlыху тэмэм, губзыгъэ къыхэщlыкlын хуейщ уи деж къекlуалlэ ныбжьыщlэм. Къэралым апхуэдиз гулъытэ спортым нобэ щlыхуищlри аращ: цlыхур сэн щхьэкlэщ.

Сэ тренеру иджыпсту сылэжьэжыркъым, ауэ япэм си деж къакlуэ цlыкlухэм яжесlэжырт ди адэшхуэхэм, нэхъыжьхэм дызэрагъэсам, ядэтлъэгъуам теухуа хъыбархэр. Пэжагъ пхэмылъмэ, уи къарум мыхьэнэ зэримыlэр къагурызгъаlуэрт. Абыхэм я адэ-анэхэри ардыдэм щlэзгъэдэlурт. Хабзэ пыухыкlа гуэрым, дисциплинэ жыхуэтlэм, сабийр темытмэ, ар къэбгъэдэlуэну гугъущ. Абы и лъэныкъуэкlэ ди лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым. Сабийм шыlэныгъэ хэлъу, езыр зыкlэлъыплъыжыфу умыгъасэу хъунукъым.

**- Телефоным и зэрану сабийм екlым куэд топсэлъыхь, егъэлеяуэ ар зэраlэщlэлъым кърикlуэнкlэ хъунури зыми ищlэркъым. Дауэ а lуэхум узэреплъыр?**

- Иужьрей зэманым, си гугъэмкlэ, сабийхэм нэхъ къагурыlуэ хъуащ тэмакъкlыхьу, зэтеубыдауэ щытын зэрыхуейр. Дауи, зым жиlэми емыдаlуэу, я адэ-анэм зэрагъэсам тетмэ, ущlэгузвэн щыlэкъым. Ауэ щызыгъэуэн гуэр гъусэ къыхуэхъумэ, lуэхур хэплъэгъуэ хъунущ. Сабий гу къабзэр къагъэсэбэпу шынагъуэ гуэрхэр ирагъэлэжьыныр lуэхум хэлъщ. Мис апхуэдэхэр къэмыхъун щхьэкlэ, щlэмычэу допсалъэ ди деж къакlуэ цlыкlухэм, ди нэмысым, хабзэм, диным темыкlыну, лъэныкъуэкlэ щыжаlэхэм емыдэlуэну.

Цlыхур балигъыпlэм щиувэр, дунейм и пlалъэр къыгурыlуэу, гупсысэ иlэу щыхъур, абы и ныбжьыр илъэс 40 щрикъуам дежщ жаlэ. И щlалэгъуэ-къаруилъыгъуэм игъэгушхуэу, дунейр зэрыщымыту къыщигъэхъуу, апхуэдэ лъэбакъуэхэр иригъэчынкlэ хъунущ ныбжьыщlэм. Щlалэгъуалэм гъуазэу яlэн хуейр хабзэ зезыхьэ, нэмыс зыхэлъ, гупсысэкlэ тэмэм зиlэ, гъащlэм зыгуэрхэр щызыхузэфlэкlа цlыху зэпlэзэрытхэрщ. Мыдрейуэ, машинэ лъапlэм исщ, щыгъыныфlхэр щыгъщ, дахэу мэпсалъэ, жаlэу цlыху хьэлыншэхэм, хабзэр къизымыдзэхэм зыдрагъэхьэх, зыкърагъэгъапцlэ хъунукъым щlалэгъуалэм. Адэ-анэхэми тренерхэми я зэхуэдэ пщэрылъщ сабийхэр апхуэдэхэм щахъумэныр.

Телефонымкlэ сабийхэр нобэ зэплъ кинохэм, таурыхъхэм зыlэпашэри, я гупсысэкlэхэр нэгъуэщl ящlыф, адэ-анэм жаlэр зэхамыхыжу. Езы сабий дыдэми, къэхъуар къыгурымыlуэу, и гупсысэкlэм зрегъэхъуэж. Псом япэу мис абы щыхъумэн хуейуэ къысщохъу, егъэлеяуэ шынагъуэщ ар.

Уэ убгъэдэту, уи нитlкlэ плъагъуу сабийм ныкъуэсаныгъэ гуэрхэр илэжьмэ, къыпхуэгъэувыlэнущ, зыгуэрхэр пхужеlэнущ, бущиифынущ. Мыдрейращи, телефоныр иlыгъыу къыббгъэдэсу, ауэ умылъагъуу, умыщlэу пкlэщlашынурэ ежьэжынущ.

Сабийм къытебгъэзэжурэ уепсэлъэн хуейщ, ар зэи лей хъунукъым. Зэман гуэр докlри, абы жепlар lэщlохуж, щогъупщэж. Мис апхуэдэу къэмыхъун щхьэкlэ щlэх-щlэхыурэ зэпшалlэурэ игу къэгъэкlыжын хуейщ.

**- Азрэталий, спортымкlэ къэдгъэзэжынщи, зэман кlэщlым къриубыдэу тхэквондом зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтащ къэралым. Сыт абы лъабжьэ хуэхъуар?**

- Япэрауэ, сыт хуэдэ гъуэгу утемыхьами, абы и кlэм къыщыпэплъэр, узыхуэкlуэр пщlэн хуейщ. Псалъэм папщlэ, ди уставым къыщыдогъэлъагъуэ сабийр тхэквондом хуэдгъэсэнущ, мыпхуэдэ щlэныгъэхэр бгъэдэтлъэхьэнущ, мыпхуэдэ ехъулlэныгъэхэр диlэну ди мурадщ, жытlэу. Ауэ а зытебухуам утекlрэ нэгъуэщl щlыпlэкlэ епlуэнтlэкlмэ, зыхуэбгъэувыжахэм уалъэlэсыныр гугъу хъунущ.

Ахъшэ уиlэ-уимыlэ, зыбужьазумыужьа щхьэкlэ къэмынэу, а сабийр зыщыбгъэгугъам нэс пшэн щхьэкlэ дисциплинэмрэ гъэсэныгъэмрэ кууэ зэтебгъэувэн хуейщ. Гурыlуэгъуэщ, ахъшэ уиlэмэ, нэхъыбэ зэрыпхузэфlэкlынур, нэхъыбэ къызэрыпхузэщlэубыдэнур, сабийм и къэухьми зэрыпхухэгъэхъуэнур. Узыхуей дыдэм хуэдизым ухуэмыкъулейми, а уиlэм къызэриубыдкlэ бгъэсэн хуейщ.

Ди лэжьыгъэм япэ дыдэ щидгъэщыр дисциплинэращ. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэм сабийр щытекlуами, ар хьэлыншэмэ, цlыху хэтыкlэ имыщlэмэ, лъагъугъуафlэ хъуркъым. Ехъулlэныгъэр дисциплинэращ къызыдэкlуэр.

Адрей спорт лlэужьыгъуэхэм елъытауэ тхэквондор щlалэщ, атlэми, абы къэрал 200-м щlигъум зыщызыхуагъасэ, мыдрейхэм - дзюдом, бэнэкlэ хуитым, нэгъуэщlхэм, къэрал 40 - 50 къызэщlаубыдэу аращ. Атlэ, мелуан бжыгъэм къафlэпхьу япэ ухъун папщlэ, сыт хуэдэу уегугъун, улэжьэн хуей! Аращи, дисциплинэ щымыlэмэ, ехъулlэныгъи щыlэнукъым. Ар хьэкъыу япхыдогъэкl ди гъэсэнхэм. Зыхуэмей хуитыныгъэ епту сабийр щхьэрыутlыпщ пщlы хъунукъым.

*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

# Жыг лъэпкъыфlхэр яхуэщщ

**Къэрал дэlэпыкъуныгъэмрэ зэкlэщlэсауэ къагъэкl жыгыщlэхэм хуэдэхэр щlыналъхэм зэрыщыхащlэм я псынщlагъымрэ я фlыгъэ куэд хэлъщ жыг гъэкlынымкlэ lэнатlэм УФ-м и мэкъумэш-промышленнэ комплексым хуэфащэ увыпlэ иужьрей илъэсхэм зэрыщиубыдам. Къимыдэкlэ, ар хъуащ утемышыныхьу инвестицэ и лъэныкъуэкlэ мылъку зыхэплъхьэ хъун lэнатlэ.**

АР иджыблагъэ щыжаlащ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм икlи абы къызэритамкlэ, зэкlэщlэсауэ хащlэ жыгыщlэхэм хуэдэхэм гектар мини 8,5-рэ ирагъэубыдащ нэгъабэ.

Абы нэмыщl, ди къэралым къыщагъэхъу жыг лъэпкъыфlхэм я куэдагъыми къыхэхъуэ зэпытщ. 2023 - 2025 гъэхэм къриубыдэу УФ-м Селекцэ ехъулlэныгъэхэмкlэ и реестрым жыг лъэпкъыщlэу 6 иратхащ. Абыхэм яхэтщ къэкlыгъэхэм къайуалlэ хабзэ узыфэхэм, зэран хуэхъу хьэпlацlэхэм, уэгъумрэ щlыlэ уаемрэ (градус 26-м нэсыху) япэщlэтыф мыlэрысэ жыгыщlэхэр.

Жыг гъэкlын lэнатlэм зегъэужьыным ехьэлlа лэжьыгъэ пыухыкlахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкlуэкl илъэс куэд хъуауэ икlи зэпэгъунэгъуу хащlэ жыгыщlэхэм хуэдэхэм я куэдагъымкlэ ди къэралым ещанэ увыпlэр щиlыгъщ.

Мыдрейуэ, республикэм и жыггъэкlхэм япэм щымыlауэ гъавэ бэв нэгъабэ кърахьэлlэжащ - пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракlуэ лlэужьыгъуэу тонн мелуан 1,027-рэ е 2023 гъэм яхузэфlэкlам нэхърэ процент 30,7-кlэ нэхъыбэу. Жыпlэнурамэ, илъэс блэкlам зы гектарым хуэзэу центнер 420,4-рэ къытрахыжащ е 2023 гъэм щыlа бжыгъэхэм проценти 117,4-кlэ хуэкlуэу.

**ТОМЭКЪУЭ Алыдж.**




● ЖыIэгъуэхэр

## ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым

**♦Фо псори зэхуэдэу IэфIкъым, цIыху псори зэхуэдэу фIыкъым.**
**♦Нысэ мыхъумыщIэр унагъуэ зэIыщIэщ.**
**♦Жеймрэ фадэмрэ уапэщIэмыуви нэхъыфIщ, абыхэм япэлъэща щыIэкъыми.**
**♦КъыпщыхъумрэкъыпфIэщIымрэ Iуэху тумыщIыхь.**
**♦Благъэжьым и пащхьэм благъэщIэр щумыгъэпIий.**
**♦Жэнэтыр зи унапIэр адэ-анэм я псалъэр тIэужыIэ зымыщIырщ.**
**♦Жьы хъуар зэи щIэ пхуэщIыжынукъым.**
**♦Адэ-анэм емыдаIуэм гуIэу гъащIэр ехь.**
**♦Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.**
**♦ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым.**
**♦Зи щхьэм фIэкIа нэгъуэщIхэр фIыуэ зымылъагъуфыр насыпыншэщ.**
**♦Зи гъащIэр IэфI защIэу къэзыгъэщIа щыIэкъым.**

КIУРАШЫН Алий.

● ГушыIэ

## Уи щхьэгъусэм ипщэфIар нэхъ IэфIщ

Зэкъуэшищ хъурти, зэхэсу псэухэрт. Я щхьэгъусэхэр чэзууэ пщафIэрт. Арати, зэгуэрым Iэнэм къытрагъэува шхыным зэшищыр бгъэдэтIысхьащ.

ХабзэкIэ япэ хэIэбэн хуейр нэхъыжьрати, хэIэбэри, зы дзэкъэгъуэ иригъэхащ:

- Мыр сыту IэфIыншэ, хьэIуси ящIыркъым мыпхуэдэу IэфIыншэу. Хэт нобэ пщэфIар? - жиIащ.

НэхъыщIэр къэпсалъэри:

- Уи щхьэгъусэращ нобэ пщэфIар, - жиIащ.

- Алыхьыр согъэпцI, мыбы нэхъ IэфI игъащIэм сIухуам, цIутI жывмыIэу фышхэ! - жиIащ, зыкъызэридзэкIыжри.

# ЗэкIэрыс

● Шхыныгъуэ



Гуэдз хьэжыгъэм и кур кърат-хъури, шатэ иракIэ, джэдыкIэ уда, шыгъу, содэ халъхьэри, тыкъыр къыхэмынэу быдэу япщ, Iыхьэурэ зэпаупщIри, и Iувагъыр мм 1 - 1,5-рэ фIэкIа мыхъуу пIащIэу яху. Ахэр тебэ гъущэ къэплъам иралъхьэри ягъэжэпхъ, плIы-тхууэрэ зэтралъхьэри, см 2,5 - 3 я бгъуагъыурэ зэпагъэж, итIанэ я бгъуапIэмкIэ псыгъуэ цIыкIуурэ зэпагъэлъэлъ. АдэкIэ сэхуран дагъэр градуси 160 - 170-рэ и пщтырагъыу къагъэплъ, тхьэв зэпыгъэлъэлъар абы хакIутэри, лэкъумым хуэдэу дыщафэ къытеуэху ягъажьэ, чымчыркIэ къыхахыжри, тепщэчым иралъхьэ.

Щхьэхуэу шыуанкIэ фо ягъэткIу, абы фошыгъу хакIутэри, зэIащIэурэ дакъикъи 5 - 6-кIэ къагъавэ. Фор хьэзыр хъуамэ, IэпитIыр зэкIэригъапщIэу щытынущ. Фо къэплъам тхьэв жьар хакIутэри, ямыущэбыным хуэсакъыурэ бэлагъкIэ зэIащIэ, мафIэм къытрахыж, тхъу зыщыхуа Iэнэм псынщIэу тракIутэри, IэкIэ яубэ. ТIэкIу упщIыIуа иужь, плIимэ цIыкIуурэ зэпагъэж, и кIыхьагъыр см 10 - 11, и бгъуагъыр см 3 - 4 хъууэ.

ЗэкIэрысыр хуабжьу къэуатщ, Iэнэри егъэдахэ.

*Халъхьэхэр:* гуэдз хьэжыгъэу - г 530-рэ, джэдыкIэу - 5, фошыгъуу - г 20, шатэу - г 80, содэу - г 6, шыгъуу - г 4. *Фошыгъупсым:* фоуэ - г 300, фошыгъуу - г 100. Зэрагъэжьэну дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

### Хьэрэм имыгъэкIуэну

«Мы уи тэрэзэр тэмэму зэтеухуакъым, щIалэ», - жраIати, яхуэукIытакъым: «Фи дежкIэ хьэрэм нэзмыгъэкIуэну аращ, армыхъуамэ абы къысхудидзэнум зыкIи сыхуейкъым», - жиIэри.

### Жырымрэ гъущIымрэ

ГъущIым жырым жриIэрт: «Дэ тIури дыкъызыхэкIар зыщ икIи дызэщхьщ. АтIэ сыт уэ нэхъ лейуэ ущIагъэлъапIэр? Захуагъэкъым ар».

Абы и жэуапу жырым жиIащ: «Пэжщ, дэ дыкъызыхахар зыщ икIи дызэщхьщ. Ауэ сэ джатэ къысхащIыкI, уэ къыпхащIыкIыр къыдырым щIалъхьэ налщ».

### Щыгъупщэркъым

ПIэм хэлъ адэ сымаджэм и къуэм жриIэрт: «Си Iуэхур щIагъуэкъым, си щIалэ. Нэхъыбэрэ къыщIыхьэ».

«Сыт жыпIэр, дадэ! Уэлэхьи, уи пенсэр къыщыпхуахь махуэр къысхуэмыгъэс ухуейм!» - жиIащ «къуэ гумащIэм».

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

● ЛIакъуэхэр

## Абазэхэ, абазэхэхэр

Адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым и фIэщыгъэщ, а лъэпкъым щыщ цIыхущ. Абазэхэр курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэ лъэпкъхэм я нэхъ инхэм ящыщ зыуэ щытащ, иджы адыгейкIэ (кIахэ адыгэкIэ) дызэджэм хыхьэ зы гупщ. Пасэ зэманым лъэпкъым и цIыхухэр нэхъыбэу зэлэжьу щытар гъавэ щIэнымрэ Iэщ гъэхъунымрэщ, апхуэдэу абыхэм яIэт жыг хадэ хьарзынэхэри. ЩIым къытрах, Iэщым къыпах хьерымкIэ сату дащIырт я гъунэгъу лъэпкъхэм.

XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм Кавказыр къэгъэIурыщIэным хуэунэтIауэ урысей пащтыхьхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм я зэранкIэ абазэхэхэм ящыщу я лъахэм къинэжыгъар цIыхуу исам я Iыхьэ пщIанэрщ. 1863 гъэм генерал Евдокимовым а лъэпкъым ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ахэр Псыжь (Кубань) Iуфэ и тафэ щIыпIэхэм итIысхьэн е 1864 гъэм и мазаем и 1 пщIондэ Тыркум Iэпхъуэн хуейт. Унафэр зымыдахэр хэкум икIащ, адрейхэр къуршым ихьэжыгъащ, ауэ бгыхэми ахэр къахъумэфакъым: щIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ икIуэдыкIащ. 1901 гъэм абазэхэ адыгэу Кубань областым къинэжар цIыху мини 5-м щIигъуртэкъым.

Абазэхэ адыгэхэр нобэ куэд хъужыркъым. Ахэр щопсэу Хьэкурынэхьэблэм, Мамхэгъ жылэхэм (Адыгэ Республикэ). А жылэхэр тIысауэ щытащ 1862 - 1863 гъэхэм, Хуарзэ псыр яку дэжу. 1958 гъэм Хьэкурынэхьэблэрэ Мамхэгърэ зэгуагъэхьэжри, Щоджэнхьэблэ къуажэр къызэрагъэпэщащ. Адыгэ Республикэр къэунэхуа нэужь ахэр зэгуагъэкIыжри, япэм яIа цIэхэр иратыжащ. А жылэхэм щыпсэухэрщ адыгэбзэм и абазэхэ диалектым ирипсалъэхэр.

Абазэхэхэр муслъымэнщ, суннэ унэтIыныгъэм тетхэщ.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Шым и кIуэкIэ. **5**. Iэщ ... бгъашхэмэ, уи Iупэр дагъэ къищIынщ, цIыху ... бгъашхэмэ, уи Iупэм къеуэжынщ. **6**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **7**. Пшынауэ Iэзэ, гъэсакIуэ, Къэбэдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **8**. ХьэщIэ ныбаблэм Iэнэм къыхутралъхьа ерыскъыр ... хуэхъуакъым. **10**. Башкортостан Республикэм и къалащхьэ. **12**. 1972 гъэм Германием щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэхэм лъакъуэрыгъажэмкIэ дыщэ медаль къыщызыхьа адыгэ щIалэ. **13**. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру, иужькIэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и унафэщIу щыта режиссер. **14**. Гъэмахуэм Iэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **16**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ...». **18**. Нарт Дэбэч и IэщIагъэр. **20**. Егъэлеяуэ пшэр, зэпэхъурей. **21**. Алыхь Iэмырым темыкIыу тет цIыху. **22**. Лым трищIэ пшэрыпIэ.

***Къехыу:*** **1**. Бжьыхьэм зи щхьэкIэм сэмб къыщI, зи жылэхэр пшхы хъу, апхуэдэу афиян къызыхах къэкIыгъэ. **2**. Щхьэлыкъуэ щыпсэуа тхакIуэ Iэзэ ... Мухьэмэд. **3**. Зи ... исым и уэрэд къреш. **7**. КIасэу гъуэлъыжа щIалэ цIыкIур ... пщIондэ жеящ. **9**. Мэлыр ... хъуауэ, пщIантIэ кIуэцIыр хъурейуэ къызэхежыхь. **10**. Уэшх куэдрэ къыщемыщх зэман. **11**. Пасэрей зауэлI джанэ, гъущI хъарым къыхэщIыкIауэ. **15**. Мэ дахэ къызыкIэрих удз шакъафэ: шейхэдзэ, хущхъуэгъуэ. **17**. Зи пхъафэр щхъуэ-фIыцIафэ, псэуалъапхъэ къызыхах жыг, гъэсыныпхъэ хьэлэмэт. **19**. Къэрэгъэш къуажэм къыщыхъуа адыгэ усакIуэ Iэзэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

**Гъатхэпэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Яхэгуауэ. **5**. Шхуэ. **6**. Пыл. **7**. Кукъу. **10**. КIэ. **11**. Кхъулэ. **12**. Пхъужь. **13**. КIэн. **14**. Пшэ. **15**. Уэ. **18**. Хъы. **19**. Кумб. **20**. Быф. **22**. Тхъурымбэ.

***Къехыу:*** **1**. Хахуэ. **3**. Гуу. **4**. Убых. **8**. КъуапцIэ. **9**. Блашэ. **10**. КIэнтхъ. **16**. КIумыхъу. **17**. ЩIыIуб. **21**. Вы.



# Щэнхабзэр зыгъэбейхэр

**Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм ТIыхъужь Алий и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ и унэм щагъэлъэпlащ республикэм и щэнхабзэ lэнатlэм и лэжьакlуэхэр.**

УФ-м и Президент Путин Владимир и Унафэкlэ, щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм я махуэр 2007 гъэм шыщхьэуlум и 27-м ягъэуващ. Абы лъандэрэ ягъэлъапlэ къэралым и щэнхабзэр зыхъумэхэр, ар зыгъэбейхэр, лъэпкъым къыдеклуэкl хъугъуэфlыгъуэхэр къэзыгъэщlэрэщlэжхэр. Ди щlыналъэм и щэнхабзэ lуэхущlапlэхэм щlыху зы минрэ щэ ныкъуэм щlигъу щолажьэ.

ЦIыхубэм махуэ къэс дэрэжэгъуэкlэ яхуэупсэхэм, я гукъыдэжым хэзыгъахъуэхэм зэдаlэт ар. Щэнхабзэмкlэ унэхэм, музейхэм, театрхэм, библиотекэхэм, кинотеатрхэм щылажьэхэм, гъуазджэм хуэпэжхэм ягъэлъапlэ я lэщlагъэм и махуэр.

Концертыр езыгъэкlуэкlа Кlэхумахуэ Фатlимэрэ Хьэщхъуэжь Ислъамрэ хьэщlэхэр гуапэу ирагъэблэгъа нэужь, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин утыкур хуит хуащlащ.

КъБР-м и lэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек и цlэкlи езым и щхьэмикъыбгъэдэкlыу министрыр республикэм и щэнхабзэм и лэжьакlуэ пажэхэм ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщащ я lэнатlэм щызэфlах лэжьыгъэр зэрыуасэншэр, тхыдэ хъугъуэфlыгъуэхэр хъумэнымрэ абыхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэнымрэ ехьэлlауэ ях жэуаплыныгъэр къызэрылъытэгъуейр. Зи махуэр зыгъэлъапlэхэм фlыщlэ яхуищlащ я lэнатlэм щаlэ зэфlэкlым, абы зэрыхуэпсэлъым папщlэ икlи ехъуэхъуащ узыншагъэ, ехъулlэныгъэ, дэрэжэгъуэ яlэну.

Хъуэхъу псалъэ гуапэхэм пищащ КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащlэ политикэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ Текуев Амурбий. Абы дыщlигъужащ щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм щlэныгъэ зэрабгъэдэлъыр, я къалэным зэрыхуэlэкlуэлъакlуэр, унафэщlхэм зэрызыщlагъакlуэр.

Къумахуэ Мухьэдинрэ Текуев Амурбийрэ щэнхабзэм и лэжьакlуэ пашэхэм иратыжащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм, КъБР-м и Профсоюз lуэхущlапlэхэм я зэгухьэныгъэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым я щlыхь, фlыщlэ тхылъхэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Шэджэм щlыналъэм и уэрэджыlаклуэ, къэфакlуэ цlэрыlуэхэм - «Нартан», «Эрирей», «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Шардан», «Вагъуэ цlыкlухэр» ансамблхэм я къэфакlуэхэм, Адыгэ Республикэм щlыхь зиlэ и артист Дыщэкl Артур, уэрэджыlакlуэ ныбжьыщlэхэу Маргъущ Тамерланрэ Хьэпэ Лиерэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Уэшхым и цIыху

**Гъэлъэгъуэныгъэ**

**Мэлыжьыхьым и 2-м, Аутизм узыфэм (РАС) теухуа хъыбар щызэлъащlысым и дунейпсо махуэм, Налшык дэт Лъэпкъ музейм къыщызэlуахащ «Человек дождя» зи фlэщыгъэ псапащlэ фестивалым и етхуанэ зэхыхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ музеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ щытлъагъу lэдакъэщlэкlхэр ящlащ «уэшхым и цlыхукlэ» зэджэ, адрейхэм емыщхь сабийхэм. Ныбжьыщlэ 47-м (илъэси 8 - 17 хъухэм) я lэдакъэщlэкlщ музейм и пэшитlым я блынхэр зыуфэбгъуахэр. Ауэ нэхъыщхьэр зи лэжьыгъэ куэд ягъэлъагъуэ икlи щlэупщlэ иlэу ящэху Иуаз Амир и lэдакъэщlэкlхэрщ. Щlалэр илъэс 18 мэхъу, КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжым и студентщ.

Уеплъурэ уздрикlуэм, нэм къыlуедзэ lэзагъышхуэ хэлъу щlа сурэтхэр икlи абыхэм яхыболъагъуэ фестивалым и фlэщыгъэм ухуэзышэ, жьауэмкlэ уэшхым зыщызыхъумэ цlыхур къызытещ lэдакъэщlэкlым - адрейхэм зыремыщхьыр къигъэлъагъуэрэ, хьэмэрэ цlыхур дунейм зэрыlущlэм и дамыгъэ?! Пэжщ, мыхъуж узыфэщ аутизмыр, ар зыпкърытхэм цlыхухэм гъунэгъу дыдэ зыхуащlыркъым, ауэ абы къикlыркъым и дуней зиlэжым гъащlэр фlыцlэрэ хужьу фlэкlа имылъагъуу псэууэ. Абыхэм я къэухьыр зы лъэныкъуэ хэхам хуэузэщlащ, я гупсысэ щхьэхуэ яlэжщ, зыгуэрым хуэзэчифlэщ, Амир сурэт щlыным зэрыхуэlэрыхуэм хуэдэу. Мыбдежым къыхэзгъэщынщи, Амир зэрылажьэр lэ сэмэгущ, и lэдакъэщlэкlхэм я дахагъэр плъэгъуа, ящlэлъ гупсысэр къыппкърыхьа иужь, ар уи фlэщ пхуэмыщlу.

2021 гъэм Иуаз Амир и лэжьыгъэхэмкlэ ирашэжьа «Человек дождя» фестивалым а илъэсым ныбжьыщlэ 12-т хэтар, иджырейм, ищхьэкlэ къызэрыхэдгъэщащи - 47-рэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ сабийхэм я бжыгъэр хохъуэ, ауэ адэ-анэм, къэзыухъуреихьхэм я цlыхуфlагъымрэ я зэфlэкlыр абыхэм я фlэщ зэрыхъумрэ елъытащ зэрызаужьынури, сыт и лъэныкъуэкlэ щlэгъэкъуэн хъуфхэм я насыпщ. Апхуэдэ лъэкlыныгъэ къылъыкъуэкlащ «Индиго» коррекционнэ центрым и къызэгъэпэщакlуэ, «Человек дождя» фестивалыр зи къарурэ мылъкукlэ езыгъэкlуэкl, Амир и анэ Сэхъу Ранетэ. Шэч хэлъкъым, илъэситl фlэкlа мыхъуу зи lэпхъуамбэ цlыкlухэмкlэ сурэт щlын щlэзыдза и къуэм къару къызэрыхилъхьам, и сабийми абы хуэдэхэми зригъэужьын папщlэ хуэзэфlэкl зэрищlэм. Илъэс зэхуэмыдэхэм Амир и къалэмыпэм къыпыкlа лэжьыгъэ-хэр куэдым щапхъэ яхуэхъуащ.

Зэlущlэр къызэlуэзыха икlи езыгъэкlуэкlа, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадио компанием и продюсер Сердюков Станислав япэу къэпсэлъапlэр хуит хуищlащ Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик, КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщl Црым Руслан. «Сурэтыщlым сурэтыщlым и гугъу зэрищlыфын и лъэныкъуэщ сэ lуэхум сызэреплъынур. Амир и лэжьыгъэхэр телъыджэщ, балигъ куэд зыдэмыгупсысэфын лъагапlэ нэсащ ар. lэдакъэщlэкl зыбжанэ нэхъ къэмынэу, адрейхэр сыт хуэдэ утыкухуи ипхьэ хъуну щlащ, lэмалкlи плъыфэхэм я зэхэлъхьэкlэкlи. Гушыlэ дахэ щlызолъагъуэ сэ щlалэм и сурэтхэм. Щапхъэу къэсхьынщ «Жирафым и ба» зыфlищар, псэущхьэм ба зыхуищlа пщащэм и пэнцlывыр езым и плъыфэ зэрыхъур гъэщlэгъуэнщ», - жиlащ Руслан икlи и ехъулlэныгъэмкlэ ар ехъуэхъуащ Амир.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ сурэтхэм нэщхъеягъуэ мащlэ зэрыхэплъагъуэр, абы щыгъуэми узыlэпашэу зэрыщlыхьэкlэплъыкlэр, сурэт щlыным и щэху псори зэзыгъэщlа lэщlагъэлlым щlалэр къазэрыкlэрымыхур. Фlыщlэ яхуищlащ, гугъуехьхэм емылъытауэ, къаруушхуэ къызыкъуэзых адэ-анэхэм.

Псапэ зыпылъ lуэхум зи сом хэзылъхьэ цlыхухэм, абы щыгъуэми ар сабий сымаджэхэм щехьэлlам и деж, псапэ лей къахь. Апхуэдэу зэlущlэм я цlэ къыщраlуащ медицинэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБКъУ-м сабий узыфэхэмкlэ и кафедрэм и унафэщl, Пятигорск дэт медико-фармацевтическэ институтым психиатриемкlэ и кафедрэм и унафэщl Темоевэ Лейлэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Ерчэн Хъусен сымэ. Абыхэми я гупсысэ зэlущlэм щыжаlащ. Иужькlэ къэпсэлъахэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащlэ политикэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ Текуев Амурбий, КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм и lуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз, ди республикэм и хабзэубзыху lэнатlэ нэхъыщхьэм и депутатхэу Ажий Валерэ, Мэзло Руслан, «Нюр» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Сабанчиевэ Арипэ, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэт Темыркъан Геннадий, КъБКъУ-м сабий ныкъуэдыкъуэхэм ядэлэжьэн lэщlагъэлlхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и унафэщl Настуевэ Людмилэ, Сабий ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм ди республикэм щиlэ къудамэм и унафэщl Бозий Маринэ сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми къыхигъэщащ фlым, дахагъэм, гуапагъэм укъыхуезыджэ мы зэlущlэр куэдым ягу къызэринэнур, лlыгъэ щlапlэу, псапэ къэхьыпlэу щыlэ lэмалхэм зэрыригъэгупсысынур. Жаlащ Амир и lэдакъэщlэкlхэр ящэхуну зэрыхьэзэрыр, абыхэм къапэкlуэ ахъшэмкlэ аутизм узыфэр зыпкърыт зэрыс унагъуэ хуэмыщlахэм зэрызыщlагъэкъуэнур.

Иуаз Амир и анэ, lуэхум и зэхэублаклуэ Сэхъу Ранетэ къызэхуэсахэм фlыщlэ яхуищlащ. Сабийхэри балигъхэри щlыбым къыщlэкlри шар къащхъуэхэр уэгум ираутlыпщхьащ мамырыгъэмрэ узыншагъэмрэ, дунеймрэ уэшхымрэ, уафэмрэ щlылъэмрэ я зэхущытыкlэ дахэм я нэщэнэу. Зэlущlэр зэхуащlыжащ уэрэджыlаклуэхэмрэ къэфаклуэхэмрэ зыхэта концерткlэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр*

**Къарей Элинэ** *трихащ.*





Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.442 Заказыр №717

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А